

ABC politik



T
321.84
ABC

BASA DJAWA

R A L A T :

Kauja	Larikan		Kang salah	Benere
	saka nduwur	saka ngisor		
10		18-19	kang kang	kang
13	3		TATARAN2	I. TATARAN2
14		21	dinindes	ditindes
32		1	 peperangan.	 peperangan.
36	15-16		sadroning	sadjroning
39		18	d. Kaum proletar :	e. Kaum proletar :
44	8		imperialime	imperialisme
44	14-15		kamenangan kang sampurna gerakan utama	kamenangan kang sampurna dening gerakan utawa
57		6	sa-duwur-2-e	sa-duwur-2-e.

T
321.84
ABC
X

ABC POLITIK

*

BASA DJAWA

Tjap - tjapan kapisan,

Kawetokake miturut pesenan C. D. B. - P. K. I.

Djawa - tengah.

DENING



19
CEK - 2001

64.

7463
4763

PER. NEG. H. L.

B U B U K A

Buku "ABC Politik" iki babaran anjar. Dene isine jaiku pasinaon kanggo Sekolah Politik (SP). Sawatara perangan saka pasinaon lawas wis diowahi kang dasare saka usul2 Komite2 Partai sarta para sutresna PKI. Jaiku disempurnakake lan dilarasake karo ombjaking kahanan lan Partai. Salaras karo kaputusan Konggres Nasional kaping VI PKI, "ABC Politik" iki isine diuwuhi pasinaon ngenani piwulang rong warna, jaiku MDH (Materialisme Dialektik lan Histori) lan GBI (Gerakan Buruh Internasional). Dadi buku "ABC Politik" iki ngemot prakara2 kang baku dewe lan kang kawitan tumrap piwulang2 kaja kang kasebut ing ngisor iki :

MDH (Materialisme Dialektik lan Histori) kang diwenehi djuluk "Filsafat Kita", SPM (Sedjarah Perkembangan Masyarakat) kang mawa irah2an "Sosialisme lan Komunisme dadi papestening Sadjarah", GBI (Gerakan Buruh Internasional) kang diwenehi djuluk "Kaum Buruh sakaliling nagara pada manunggal", SPR (Soal2 pokok Revolusi Indonesia) kang didjenengake "Njumurupi Revolusi Indonesia", FPN (Front Persatuan Nasional) kang asesanti "Gagaman Kita - Fron Persatuan Nasional" lan PP (Pembangunan Partai) kang mawa antjer2 "PKI - Pelopor Revolusi kita".

Buku "ABC Politik" babaran anjar iki ora mung wigati tumrap massa warga PKI kanggo sinau ing Sekolah Politik, nanging uga tumrap para sutresna lan pamilih Palu-Arit, malah uga tumrap sadengah patriot Indonesia, kanggo njumurupi teori revolusioner Marxisme-Leninisme kang kawitan.

Jen ngelingi marang gedening pambagya marang buku "ABC Politik" babaran lawas saka para kader revolusioner, malahan uga saka para patriot Indonesia kang sedjati, kita yakin manawa metune "ABC Politik" babaran anjar iki bakal oleh pambagya kang luwih gede maneh.

DEPAGITPROP CC PKI

Djakarta, Desember 1960.

FILSAFAT KITA

Sakabehing manungsa iku mikir. Nanging mikir lan mikir iku ana warna loro. Ana kang mung angger bae, ana kang nganggo paugeran, nganggo wawaton. Mikir kang mung angger bae iku kena diupamakake sepur kang tanpa ril, mesti bae lakune ja mentjang-mentjong, mikir kang mawa paugeran iku kajadene sepur kang mlaku ana ril, lakune ja lentjeng.

Sabenere njinau filsafat iku ora lija kadjaba njinau paugeran mikir.

Apa "wong lumrah" bisa njinau filsafat? Apa njinau filsafat iku ora angel banget?

Kawan Aidit ngandarake: "Sing sapa ngira manawa filsafat iku pada karo mistik kang angel dingerteni, kang mung bisa dipahami dening para ahli lan teoritikus, iku kaliru".

Pangalaman² ing sekolah² Partai, manut katrangane Kawan Aidit, nuduhake manawa "kawruh filsafat kang ing sakawit kerep diwedeni saka satitik dadi disenengi lan wusanane para siswa pada katagihan".

Sabandjure Kawan Aidit nerangake: "Marx lan Engels sarta Lenin wis njipta filsafat Marxisme-Leninisme, njipta Materialisme dialektik lan h i, minangka gagaman sing ampuh tumrap Rakjat proletar kanggo ngalahake mungsuh²-e, ora mung ngalahake filsafat idealise bae, nanging uga kanti agegaman iki kanggo ngalahake mungsuh-mungsuh iku mau ana ing sakabehing babagan. Nganti saiki gagaman ampuh iki mung dadi darbeke saperangan tjilik banget saka warganing Partai kita, mangka Marx-Engels-Lenin njipta ngelmu iku maksude kanggo klas proletar lan Rakjat pakarja umume".

Manawa "Rakjat pakarja umume" bisa lan perlu njinau filsafat, apa maneh para siswa Sekolah Politik!

Filsafat iku dudu barang anjar tumrap kita.

Apa kita durung tau ngerti filsafat? Iki bab kang mokal. Sabab filsafat iku wawasan ngaurip (kang kawedarake sarana teori). Lan saben manungsa kang urip mesti duwe wawasan tartamtu bab mungguhing urip.

Kaum kapitalis lan kaum tuwan tanah upamane, seneng mehehi gagambaran manawa kahanan kaja saiki iki "wis takdire". Kandane wis dadi "takdire" manawa kaum buruh lan kaum tani iku uripe sangsara. Malah kandane "takdir iku adil banget", djalaran, kaja dene ojed ladjer, pang, godong, kuntjup, kembang lan wohing wit²an pada duwe kuwadjiban dewe², nganti wit²an iku dadi

barang dumadi kang sampurna. Samono uga masjarakat — ana kapitalis kang duwe modal, ana tuwan tanah kang duwe tanah, bandjir ana buruh lan tani kang duwe tenaga, nganti masjarakat iku dadi barang dumadi kang sampurna . . . kaja mangkono iku mungguh filsafate kaum panindes lan pangisep.

Kosokbaline, filsafate klas proletar tjengkah banget karo "filsafat takdir" iku.

Pamawasé klas proletar mangkene : jen arep omong prakara takdir, takdire kaum kapitalis iku mung ngrubuhake feodalisme lan mbangun kapitalisme. Sabandjure takdire kapitalisme jaiku bakal rubuh lan dirubuhake dening klas kang "ditakdirake" kanggo ngrubuhake, jaiku klas proletar. Kaja mangkono iku takdir kang sabeneré. Dudu pangisepan kang dadi takdir, dudu panindesan klas marang klas sing dadi takdir, sebab, djaman bijen pangisepan lan panindesan iku ora ana, malah klas2 uga ora ana. Dadi panindesan iku bisa disirnakake, lan panindesan bakal kita sirnakake. Kaja mengkono iku mungguh filsafate klas proletar.

Tjoba kita golek tjonto lija.

Kaum burdjuis lan kaum tuwantanah duwe wawasan : urip mung sapisan, kareben kita pada ngatogake urip kang mung sapisan iki kita urip sing rojal, seneng2 ndem-ndeman, tutuku kang sarwa edi-peni sarta nikmati kabeh kang sarwa endah.

Kosokbaline, kaum proletar nduweni wawasan : urip mung sapisan, kareben urip kang mung sapisan iki urip kang ana tandjane — kita njambutgawe kanggo padjuwangane klas proletar, njambutgawe kanggo mbebasake klas proletar, ngabdi marang revolusi, lalabuh kanggo revolusi, sanadjane jen perlu nganti toh njawa pisan.

Iku mau kabeh wawasan2 mungguhing urip, lan wawasan urip rong warna iku sidji karo sidjine tjengkah. Dadi tjeta manawa tumrap kita filsafat iku sabeneré dudu barang anjar. Dene sing dadi prakara saiki — keprije tjarane njinau teorine, njinau wawatone.

Njangkani saka kanjataan.

Filsafat kita, ija filsafat proletar, iku filsafat materialis. Apa ta materialisme iku ?

Kang kapisan, materialisme iku ateges mikir kang disangkani saka kanjatan.

Upamane mangkene : srengenge kang ngubengi bumi, apa bumi kang ngubengi srengenge ? Sanadjane katone srengenge kang ngubengi bumi, nanging satemene bumi sing ngubengi srengenge. Manawa kita duwe panemu jen srengenge kang ngubengi bumi iku tjengkah karo kanjatané, iki idealisme. Jen kita duwe panemu ma-

nawa bumi sing ngubengi srengenge, jaiku sing njata, lan iki materialisme.

Tjonto lija : pananduran modal gede mantja iku nguntungake apa mitunani? Ana sing kanda manawa modal gede mantja iku nguntungake, amarga awèh pagawéjan marang kaum buruh Indonésia, nggawekake omah² kanggo para punggawane, malah dewèke uga gawé dalan² aspalan, lan saben tahun dewèke ngetokake duwit kanggo ngedegake sekolahan² lan mesdjid². Udjare para pambela modal gede mantja : apa bab² kang diwedarake iki dudu kanjatan? Nanging kita ngerti, manawa kadjaba kanjatan² kang sawatara iku isih ana manèh kanjatan² sing wigati banget kang didelikake, malah kanjatan iku sing baku, jaiku manawa modal gede mantja iku nguras isen²ing alam kita kang awèh babatan pirang² atus juta rupijah malah nganti pirang² ewu juta rupijah. Dadi jen nggone ndjupuk kanjatan² iku ora satugel², nanging didjupuk kanjatan sawutuhe, tjeta manawa panandure modal gede mantja iku ora nguntungake nanging mitunani. Wong² sing nganggep kahanan kaja mangkono iku "nguntungake", ora adedasar marang kanjatan kang sabenere — dewèke iku idealis. Dene wong² sing nganggep kahanan iku "mitunani", adadasar kenjatan kang sabenere — dewèke materialis.

Tjonto lija manèh : apa imperialisme iku isih kuwat apa wis ringkih? Ana sing kanda, manawa imperialisme iku isih kuwat, djalaran imperialisme iku duwe wadya gagana, samodro lan darat sing moderen mawa gagaman kang uga sarwa moderen, lan imperialisme uga duwe pasekuton kaja dene NATO, CENTO, SEATO, ANZUS lan sapanunggalane. Udjare para pambela imperialisme iku : apa bab² kang diandarake iku dudu kanjatan? Nanging kita weruh, menawa sanadjan imperialisme iku duwe wadijabala kang moderen mawa gagaman kang moderen, ananging dewèke ora oleh *pambijantuning Rakjat*, kosokbaline, dewèke malah dimungsuhi dening Rakjat saindenging donja. Lan manèh gegaman-gegamane kang sarwa moderen iku meksa isih asor jen dibanding karo gegaman-gegamane nagara² Sosialis kang sarwa moderen, luwih² duweke Uni Sovjet. Roket² Sovjet, kaja kang wis katamakake kapal gagana telik Amerika "U2" kang mabur duwure 20.000 meter, iku ora ana tandinge ing donja. Dene ngenani kumpulan² kang arupa pasekuton² militer, kita ora kena lali manawa ing sadjroning "panunggal" iku akeh gesehe. Lagi ngenani soal RRT bae nagara² imperialis gede loro, jaiku Inggris lan Perantjis, ora pada panemune karo nagara imperialis Amerika. Apa manèh kang ngrojongi pasekuton² militer iku wong² sing wis rusak djenenge lan disengiti Rakjat, kajadene Batista ing Kuba, Nuri Assaid ing Irak, Syngman Rhee ing Korea Kidul, Adnan Menderes ing Turki, Kishi ing Djepang, Tjiang Kai-sek ing Taiwan, Tsombe ing Konggo, lsp.

"Sakaguru2" iku tatela jen dudu sakaguru — nanging ora lija mung saka pring kang wis gapuk, kang jen katerak angin setitik bae wis ambruk. Dadi jen kanjatan2 kang didjupuk iku ora mung satugel2, nanging kadjupuk sawutuhe, tjeta manawa imperialisme iku ora kok "isih kuwat", nanging wis ringkih temenan. Wong2 sing nganggep manawa imperialisme "isih kuwat", iku ora nganggo dasar kanjatan kang sabenere — deweke idealis. Wong2 kang nganggep manawa imperialisme iku wis ringkih, iku nganggo dasar kanjatan kang sabenere — deweke iku materialis.

Saka bab2 kang katjeta ing duwur iku ana rong papuntoning rembug :

Sapisan, supaja mikir kita bisa trep, supaja bener, kita kudu tansah njangkani saka kanjatan.

Kapindo, njumurupi kanjatan iku ora salawase gampang. Nanging sanadyan kaja mangkono, kita bisa njumurupi kanjatan iku kanti wutuh, ganep.

Mawas ana ing lakune.

Filsafat kita, ija filsafat proletar, iku uga filsafat dialektika. Apata dialektika iku ?

Dialektika iku tegese kang kapisan mawas samubarang ana ing lakune.

• Upamane mangkono : botjah dadi dewasa, wong dewasa dadi tuwa, lan wusanane mati ; kuntjup dadi kembang, kembang mekar, wusanane laju ; wong bodo kang sinau dadi ora bodo maneh, sabandjure saka ora bodo dadi pinter, sabandjure maneh dadi pinter banget. Saka kanjatan2 iku tjeta manawa kliru banget jen kita nganggep "sapisan botjah terus dadi botjah", utawa "sapisan kuntjup terus dadi kuntjup" utawa "Sapisan bodo tetep bodo". Wawasan kang panggah-adjeg lan mandeg kaja mangkono iki kita arani metafisika. Dialektika iku tjengkah babarpisan karo metafisika.

Tjonto lija : ana Komite Partai kang ora gelem menahi promosi marang sawenehing kader, djalaran kader iku upamane bae nalika taun 1951 tau duwe sikep kang mamang lan gondjing uga kurang disiplin. Nanging ngukur wong ana ing taun 1960 nganggo ukuran taun 1951 iku wawasan metafisika. Djalaran, tjara mawas kaja mangono iku ora mawas prakara ana ing lakune. Apa tinemu ing nalar jen sawenehing kader ora madju2 sadjrone waktu 10 taun ? Dadi, kader kang kita maksudake iku kudu kita wawas ana ing lakune, ana ing owah-gingsire, ana ing tuwuhe. Bisa uga deweke bijen mamang amarga nalika samana Partai isih tjilik, mangka kaum reaksioner isih kuwat. Saiki, Partai wis gede lan kaum reaksi wis banget *keplorode*. Bisa uga saiki wis ilang mamange utawa

sa-ora²ne wis suda. Samono uga bab disiplin utawa orane, ija kudu dideleng kaprije tuwuhe. Ora bisa ngukur awak uwong mung sarana klambi sidji bae marga klambi kang wingi wis pas, bisa uga dina iki wis sesak utawa kegeden. Samono uga ideologine, ora bisa diukur nganggo ukuran ideologine kang lawas bae. Pantjen, ana kalane wong iku ideologine ora madju, nanging malah mundur. Nanging sing tjeta kahanane wong iku, samono uga ideologine, ora kok "jen wis mangkono ja terus mangkono sa-lawas²e" — deweke tansah ngalami owah-gingsir, tansah ngalami laku sadayan laku madju utawa laku mundur. Dialektika iku mawas sakabehing dumadi ana ing lakune.

Tjonto lija maneh tumrap waktu sing beda² lan tumrap prakara kang beda², sikap Partai² politik sidji lan sidjine uga beda². Upamane bae ngenani prakara politik patang warna kang kape tung gede kang wis tau kita adepi, jaiku KMB, Konstituante, "PRRI" lan DPR-GR. Upamane PNI. Ngenani KMB, Partai iku nampa, ana ing Konstituante nampik "Negara Islam", ngenani "PRRI" deweke ngalawan, lan ngenani DPR-GR njokong. Sabandjure NU, Partai iki nalika KMB isih kumpul dadi sidji karo Masjumi, dadi sarana ora langsung nampa KMB, ana ing Konstituante ngandjurake "Negara Islam", ngenani "PRRI" nglawan, ngenani DPR-GR nampa. Saiki PSI, Ngenani KMB partai iki nampa, ana ing Konstituante nampik "Negara Islam", ngenani "PRRI" deweke njokong, lan ngenani DPR-GR, nampik. Bandjur Partai Murba. Partai iki nampik KMB, ana ing Konstituante nampik "Pantjasila", nglawan "PRRI" nanging uga nampik DPR-GR. Mulane manawa ngenani KMB sing bisa diarani sa-fron karo PKI mung Partai Murba, nanging ana ing Konstituante kang sa-fron karo kita, PNI lan PSI, sabandjure ngenani "PRRI" sing sa-fron karo kita, jaiku PNI, NU Partai Murba, dene ngenani DPR-GR, PNI lan NU tunggal sa-front karo kita.

Saka bab² kang katjeta ing duwur uga bisa kadjupuk wose loro tjatjahe,

Sapisan, sabarang dengah iku kudu dipahami lakune, sarana pangerten manawa laku iku bisa awudjud laku madju utawa laku mundur.

Kapindo, supaja kita adja nganti kliru nggone mahami samubarang, sing luwih dening wigati jaiku kita kudu gawe pamilah kang mawudjud tumrap kahanan kang mawudjud.

Angger² tuwuhe masjarakat.

Wis diterangake, manawa sadjrone kita njinau filsafat klas proletar, jaiku materialisme dialektik, sing luwih dening wigati, jaiku mikir kang disangkani saka kanjatan lan mawas samubarang

ana ing lakune. Sabandjure kudu mahami kahanan2 kang mawudjud, murih bisa gawe pamilah kang mawudjud lan wusanane ndjupuk wos-e kang mawudjud.

- Apata materialisme histori iku ?

Materialisme histori iku materialisme dialektik kang ditrapake ana ing kahanan2 masjarakat, jaiku kang mligi ngrembug angger2 tuwuhe masjarakat.

Kaum kang ora ngugemi materialisme histori nganggep manawa masjarakat iku dilakokake dening maharadja2, radja2, dening pahlawan2 lan pemimpin2, kakuwatan2 kang ana sadjabane masjarakat, dening sawenehing kakuwatan "gaib" utawa "takdir". Nanging saka panemune materialisme histori, lan pantjen kaja mangkono iku mungguhing kanjatane, masjarakat iku dilakokake dening kekuwatan2 kang tinemu ana ing masjarakat iku dewe, jaiku dening klas2, dening padjuwangan klas.

Kaum kang ora ngugemi materialisme histori ana kang duwe panemu manawa masjarakat kang kaja saiki bisa dilestarekake supaja tetep kaja saiki, lan manawa Sosialisme lan Komunisme iku bisa ditjegah. Nanging saka panemune materialisme histori, lan pantjen ja kaja mangkono iku mungguh ing kanjatane, Sosialisme lan Komunisme iku ora bisa ditjegah, mesti katekan.

- Kaum kang ora ngugemi materialisme histori ana sing duwe panemu manawa Sosialisme pantjen mesti tekane, nanging Sosialisme "ora perlu" dipimpin dening klas proletar. Kandane, Sosialisme "bisa" dipimpin dening klas sing dudu proletar. Nanging saka panemune materialisme histori lan pantjen ja kaja mangkono iku sanjataane, Sosialisme iku bisa katekan mung jen sing mimpin iku klas proletar.

Praktek iku njipta anane teori.

Kita kerep krungu manawa praktek tanpa teori iku wuta. Iki pantjen bener. Praktek tanpa teori bisa diupamakake wong lalajaran kang tanpa kompas — nggone lalajaran bisa kesasar, djalaran angel nggone bisa mbedakake antarane lor lan kidul. Jen ing sadjroning revolusi kita nindakake praktek tanpa teori, tangkeh lamun bisane revolusi iku menang, bisa-bisane ja mung mandeg tengah ndalan, malah kepara bisa gagal babar pisan.

Kita uga kerep krungu manawa teori kang tanpa praktek iku omong kosong. Iki uga bener banget. Teori tanpa praktek iku tanpa paedah babar pisan. Teori tanpa praktek bisa diupamakake wong sing gede omonge, akeh djandjine, nanging ora ana buktine.

Mulane panemu "praktek tanpa teori" lan "teori tanpa praktek" karo2-ne iku dudu watake proletariat.

La saiki sing penting tumrap kita, jaiku kita kudu weruh sapa bung-sinambunge antarane teori lan praktek. Kapriye ta sambung-sinambunge teori lan praktek iku ?

Ora bakal ana teori jent ora ana praktek. Dadi teori iku dilahirake saka praktek.

Tjoba kita ndjupuk tjonto ngenani teori tatanen. Suwe sadurunge ana teori tatanen, manungsa wis anenandur. Malah tjara nenandur iku wis tumindak atusan tahun, nanging teori tatanen lagi setitik, mundak2 nganti dadi teori kang diakoni dening umum. Iku bae durung sampurna. Bab iki dibuktekake dening kadadejan2 nembe iki. Tumekane saprene wis sapirata lawase "teori nandur pari kang elete 20 sentimeter utawa luwih" iku dianggep "teori kang bener". Nanging saiki tatela manawa tandur-kerep iku luwih betjik lan luwih mikolehi. Saka pangalaman iki bisa didjupuk wose, manawa praktek kang ngalahirake teori, lan uga praktek kang njampurnakake teori.

Samono uga ngenani teori padjuwange klas buruh. Sadurunge ana Marxisme, gerakan klas buruh iku wis ana. Ing sakawit saka praktek gerakan buruh iku lahir teori kang mratelakake manawa kaadilan sosial iku bisa digajuh sarana ngedegake "koloni2" kang kudu diwragadi dening kaum kapitalis. Ja teori iki kang saiki kita sebut "sosialisme utopi" utawa "sosialisme lamunan". Sabandjure, kanti njinau, gawe pamilah lan njimpulake praktek2 gerakan klas buruh ing *pirang2* nagara, Marx lan Engels *njusun* teorine, kang kang saiki disebut Marxisme. Jen gagasan ngenani "koloni2" iku lahir saka papenginan, tegese teori kang idealis, kosokbaline Marxisme, kang ngadjarake manawa ja mung revolusi sosialis iku dalan kang kanggo nggajuh Sosialisme, lahir saka pangalaman-praktek, dadi teori iku teori materialis. Sabandjure praktek2 gerakan klas buruh njampurnakake teori Materialisme. Dene wong sing akeh dewe sumbangane kanggo njampurnakake teori Marxisme iku mau, jaiku Lenin. Ja mangkene iki mungguh katerangane apata sababe kok Marxisme tuwuh madju dadi Marxisme-Leninisme. Teori Marxisme-Leninisme iki seprene tansah disempurnakake dening praktek2 gerakan klas buruh sadonja, jaiku praktek2 gerakan klas buruh, praktek2 gerakan pambebasan nasional, praktek2 revolusi demokratis lan revolusi2 sosialis, sarta praktek2 mbangun Sosialisme lan Komunisme.

Kanti tanpa ngelongi mungguhing wigatine teori iku, kita kudu ngelingi, manawa praktek iku uga wigati banget. Mulane Kawan Mao-Tje-tung tau nerangake, manawa murih bisane dadi wong kang revolusioner iku, kudu ambjur ana ing madyaning revolusi.

Samubarang iku asipat rangkep.

Ora ana kahanan, pratelan2, kadadejan2 lan se-tekliwering donja iku kang mung asipat tunggal. Samubarang iku sarwa asipat rangkep.

Bukti kang tjeta wela2 jaiku kertas salemba. Kertas iku kadjaba duwe reraen ngarep rak ja duwe reraen mburi ta? Apa bakal ana barang kang diarani kertas, manawa kang ana iku mung reraen sidji bae?

Samono uga sadjroning masjarakat, ing babagan politik, lan ing sadjroning revolusi. Samubarang apa bae lan kadadejan apa bae, iku duwe sipat rangkep. sipat2 iki *jen digebjah*, bisa disebut sipat positif lan sipat negatif. Dene kuwadjibane kaum revolusioner jaiku tansah mekarake sipat2 kang positif kang dibarengi karo tumindak njirnakake sipat2 kang negatif.

Pepetane mangkene: Revolusi Agustus klakon gagal. Tjeta jen iki negatif. Nanging sipate kang positif uga ana. Malah marga kita ngalami kagagalan Revolusi Agustus iku, kita dadi ngerti kaprije kudune kita mimpin revolusi — jaiku apa2 kang kena kita tindakake lan apa bae kang ora kena kita tindakake. Tegese kita bandjur ngerti teori revolusi.

Tjonto lijane mangkene: kahanane tanahair kita ing taun2 kang kari iki tjepet owahe. kadang-kala malah tjepet banget. Bab iki wis mesti jen positif. Nanging sing negatif uga ana. Djalaran saka tjepete madjuning kahanan iku, organisasi dadi kerik jen di-tanding karo kahanan. Nanging tjarane ngrampungki kontradiksi utawa tjengkahe kahanan karo organisasi iki ora bandjur ngerem kahanan supaya dadi rendet lakune, nanging nglarasake organisasi karo situasi iku, tegese njepetake tumindak2 ing babagan pembangunan organisasi lan pembangunan ideologi ing sadjroning Partai.

Tjonto lijane maneh mangkene: ratjake kader2 muda ing sadjroning Partai iku trampil lan tjepet mahami prakara2. Tjeta jen iki bab kang positif. Nanging sipate kang negatif uga ana. Kader2 iku kurang tjukup pangalamane, lan bijasane ja kurang tjukup teorine. Kosokbaline, kader2 tuwa ratjake sugih pangalaman. Bab iki tjeta jen positif. Nanging sipate kang negatif uga ana. Kader2 iki wiwit nguler-kambang lan kerep kurang tjepet bisa mapanake pribadine ana ing satengahing kahanan kang tjepet madjune iku. Sarehne karo2ne pada duwe sipat2 positif dewe2, mulane karo2ne kudu digatukake.

Dadi tjeta jen samubarang iku duwe sipat rangkep. Angger kita tansah meruhi sipat2-e kang positif lan negatif tumrap saka-behing prakara utawa kadadejan, wis mesti kita bakal bisa ngrampungki prakara iku utawa bisa aweh tuntunan utawa pimpinan ma-

rang kadadejan2 iku kanti maton. Dene tjarane jaiku mekarake sipat2-e kang positif lan njirnakake sipat2-e kang negatif.

Ngetrapake kabeneran sing umum tumrap Marxisme-Leninisme karo praktek kang kongkrit tumrap Revolusi Indonesia iku dadi kuwadjiban kita. Dene sing diarani kabeneran kang umum tumrap Marxisme-Leninisme iku apa? Kang dimaksudake ora lija kadjaba materialisme dialektik lan histori.

Kaja kang diterangake dening Kawan Aidit, "filsafat Marxisme-Leninisme, ija materialisme dialektik lan histori, iku dasar teori tumrap sakabehing taktik, garis, patokan lan politike Partai".

Sosialisme lan Komunisme wis dadi pepestening sadjarah.

TATARAN2 PAMEGARE MASJARAKAT.

Kaja dene samubarang kang gumelar ana ing djagad iki, masjarakat kita iki uga ora mung tansah adjeg pada bae, ora ngalami owah-gingsir. Pangalaman2 kita dewe wis tjukup kanggo nerangake bab iki. Indonesia tau didjadjah Walanda lan sabandjure diganti kadjadjah dening Djepang. Nanging pandjadjahan Djepang iku wusanane diganti dening Revolusi Agustus 1945, lan Republik Indonesia kang mardika madeg. Saiki uga masjarakat kita isih terus ngalami owah-gingsir. Satemene kaprijeta lan menjang ngendi ta-mungguh ener pamegare masjarakating manungsa iku? Kita bisa nemokake djawaban tumrap pitakonan iki sarana njinau sadjarah pamegare masjarakat ing djagad iki.

Sadjaraha masjarakat manungsa iku sadjaraha *Rakjat pakarja*, ija sadjaraha Rakjat kang makarja, gawe produksi ngasilake barang2 kang diperlokake kanggo uripe masjarakat. Wiwit nalika djaman purwa tumekane djaman anjar iki masjarakating manungsa iku wis madju sarana ngliwati pirang2 tataran.

Masjarakat primitif.

Nalika djaman purwa, jaiku atusan ewu taun kang wis kapungkur, piranti2 kang dianggo ngasilake pangan, sandangan, perumahan lan barang2 kaperluwaning ngaurip lijane dening manungsa, isih prasadja banget tur kasar, isih primitif. Nalika samana wesi lan prunggu durung disumurupi, mulane piranti2 iku digawe saka watu. Jen pada mbebedag utawa golek iwak, pirantine ija saka watu kang isih kasar gawejane iku. Uripe manungsa ing djaman samana prasadja banget. Supaja bisa nanggulangi sato2 galak lan supaja adja nganti mati kaliren, manungsa ing djaman primitif iku kudu urip babarengan, kanti gegrombolan, lan grombolan2 kaja mangkono iku diarani komune2. mBebedag, misaja iwak lan rekadaja2 lijane kang kanggo nglestarekake uripe iku mau kabeh katindakake kanti babarengan, lan asile uga dibage babarengan. Piranti2 produksi kang penting kanggo uripe komune2 iku dudu darbeke sidji2ning uwong nanging didarbeni babarengan, dadi darbeke komune. Mulane ana ing sadjrone masjarakat komune primitif iku ora ana wong sugih, ora ana wong mlarat, ora ana wong kang ngisep wong lija, dadi masjarakat uga durung kaperang dadi klas2 kang pada mamungsuhan.

Pangalamane manungsa kanggo produksi saja suwe saja wuwuh, kadjaba saka iku piranti2 produksi lan tjara2ne njambutgawe luwih disampurnakake. Manungsa wiwit ngerti marang logam lan sinau gawe piranti2 saka pelikan : tembaga, prunggu lan sabandjure wesi. Djamanane ganti saka djaman watu dadi djaman wesi. Pangu-ripene manungsa saja madju, saka mbebedag dadi ngingu satoke-
wan lan iwen sarta nanandur. Ing kono mbandjur tuwuh anane pambagejan kerja masjarakat, jaiku anane komune2 kang bakuning pengupadjiwa saka tatanen. Sawise mangkono bandjur wiwit urup-urupan barang2 kang diasilake. Anane piranti2 produksi kang wis luwih sampurna iku gawe mundake dajaguna (produktivité kerdja) : manungsa bisa ngasilake barang2 kang luwih akeh katimbang karo kang dibutuhake tumraping uripe. Manungsa wis ora perlu maneh njambutgawe kanti babarengan, nanging bisa urip saka pakarjane dewe2. Para tutuwane komune kang sadjrone urup2-an barang tumindak minangka wakil komune wiwit duwe panganggep marang darbeking uwong ana ing komune kaya dene duweke dewe. Ja ing kono iku wiwit tuwuh anane hak milik pribadi. Ana warga komune kang wiwit ngepek asil pakarjane warga komune lijane, tegese, ing kono tuwuh anane pangisepan.

Dadi, lahire pangisepaning manungsa tumrap manungsa iku asale saka anane pambagejan kerja masjarakat, lan anane hak milik pribadi tumrap piranti produksi (piranti lan bahan kanggo ngasilake barang2 materiil). Masjarakat kapetjah dadi klas panindes utawa pangisep lan klas kang dinindes utawa diisep. Kapentinganane klas2 iki ora bisa diakurake. Klas kang ditindes ora gelem terus-terusan mbanting raga kanggo njugihake kaum panindes, mangka uripe dewe tansah sangsara lan kasrakat. Kosokbaline, kaum panindes lan pangisep mbudidaja kanti mepeng nggone njentosakake lan nglestarekake penguwasane lan luwih nemen nggone ngisep marang Rakjat kang katindes. Mula saka iku, lahire masjarakat kang mawa klas2 mratandani lebur masjarakat primitif lan ing kono wiwit tuwuh anane padjuwangan klas kang santer antarane klas panindes lan kang ditindes. Wiwit waktu iku ing sadjarah masjarakating manungsa iku anane mung sadjarah padjuwangan klas, lan padjuwangan klas iku dadi kakuwatan kang baku kang njurung pamegaring masjarakat.

Petjahe masjarakat dadi klas2 iku mahanani lahire nagara. Praboting nagara kang penting2 jaiku : tentara, pulisi, pangadilan, pakundjaran lan prabot2 lijane kang kanggo nindes. Klas2 kang kuwasa migunakake nagara dalah saprabote iku kanggo ngukuhi tatanan masjarakat kang njentosakake kalungguhane. Dadi, nagarane kaum pangisep iku sadjatine prabot kaum pangisep kanggo nindes panglawaning kaum kang katindes. Saben2 Rakjat kang katindes iku gumregah arep ngrubuhake pangwasane kaum panin-

des, kanti bantuwan praboting nagara mau kaum panindes mbrantas gerakan pambebasan iku sarana tjara kang daksija2.

Masjarakat parbudakan.

Masjarakat mawa klas kang kapisan kang lalandesan pangisepaning manungsa tumrap manungsa iku diarani masjarakat pabudakan. Ing sadjroning masjarakat pabudakan iku ana klas kang baku warna loro kang pada mamungsuhan, jaiku tuwan-budak (djuragan budak) lan budake (batur tukone). Budak iku dadi darbeke wutuh dening tuwanbudak. Nasibe budak ora ana bedane karo barang, kang bisa didol lan dituku lan malah bisa dipateni miturut sakarepe tuwanbudak. Produksi ing sadjroning masjarakat pabudakan didasarake marang pagaweane kaum budak. Tuwanbudak bisa urip sarwa luwih. Tatanan pabudakan iku sawidjining tjara pangisepan kang kasar banget. Kaum budak ora mung sarwa nrima bae nandang nasib kang kaja mangkono. Wiwit lahir tumekane sirnane masjarakat pabudakan tansah ana pambrontakan-pambrontakan budak kang gede. Ja pambrontakan2 iki sing gawe orege kakuwasaan tuwanbudak kang sabandjure dadi djalarane tatanan pabudakan iku diganti dening tatanan masjarakat lijane. Ananging kaum budak durung bisa njirnakake tatanan pangisepan dening manungsa tumrap manungsa.

Masjarakat feodal.

Masjarakat anjar kang ngganti masjarakat pabudakan iku arane masjarakat feodal. Tatanan feodal iki uga isih adedasar pangisepan manungsa tumrap manungsa. Masjarakat feodal iku kaperang dadi rong klas: klas tuwantanah lan kaum tani. Tuwantanah nguwasani sakabehing lemah. Mula supajane bisa urip kaum tani kudu njewa lemah saka tuwantanah. Kaum tani dudu darbeke tuwantanah kaja dene budak dadi darbeke tuwanbudak, deweke duwe lemah garapan dewe, mulane semangate njambutgawe luwih gede tinimbang budak. Nanging kaum tani kudu mbayar sewan lemah kang abot marang tuwantanah, mula sadjatine saperangan gede waktune ora dianggo mergawe awake dewe nanging kanggo tuwantanah. Dadi isih tetep anane panindesan klas, lan kalungguhane kaum tani iku kerep mung setitik banget bedane karo kalungguhane kaum budak. Wiwit saka purwa tumekaning wusanane djaman feodal, kaum tani berdjuwang nglawan tuwantanah, luwih2 ana ing pungkasane djaman feodal, padjuwangan iki saja mundak banget. Ing sadjarahe saben nagara mesti ana pambrontakan2 tani lan ana kang suwene nganti puluhan taun. Ja pambrontakan2 tani iki kang gawe ringkihe dasar2-ing feodalisme lan kang wusanane

gawe ambruke feodalisme. Nanging kaum tani meksa durung klakon bebas saka pangisepan. Padjuwangane kaum tani kang revolusioner iku asile sing ngunduh klas burdjuis kang lahir ana ing pungkasane masjarakat feodal. Revolusi burdjuis klakon njingkirake tatanan feodal lan ngedegake kakuwasaane kapitalisme.

Masjarakat Kapitalis.

Ing djaman kapitalisme masjarakat kaperang dadi klas kapitalis utawa klas burdjuis, lan klas buruh utawa klas proletar. Buruh ora dadi darbeke si-kapitalis; deweke ora bisa dituku utawa diedol. Katone mono deweke bebas, nanging ora duwe sarana produksi babarpisan, mula nganti kapeksa ngedol tanagagawene marang sing duwe sarana produksi, jaiku si-kapitalis, tuwanpabrik2 lan djuragan-djuragan. Deweke kudu mbanting raga mung supaja adja nganti mati kaliren. Kaum pangisep kang tjatjahe ora sapiroa oleh babaten kang akeh banget, kosokbaline Rakjat pakarja saja suwe saja mundak sangsara lan saja mlarat. Dadi pangisepan tumrap Rakjat pakarja isih tetep tumindak, senadjan wis sedje wudjude. Ana ing tatanan kapitalis dajaguna ditikelake lan produksine mundak akeh banget kang durung tau klakon sadurunge. Pabrik2 lan perusahaan2 dipraboti nganggo mesin2 lan migunakake buruh kang ewon tjatjahe. Pagawejan ing saben perusahaan, saben tjabang-tjabang industri lan pertanian ora bisa dipisahake karo pagawejan ing perusahaan2 lan tjabang industri lijane. Manawa pagawejan pamilikan lenga lan arengwatu mandeg, pirang2 atus perusahaan lijane pada ora bisa tumindak maneh; samangsa barang bakalane tekane ora pas karo waktune, pabrik2 tekstil, sepatu lan sapanunggalane kapeksa mandeg.

Ana ing djaman kapitalisme barang asile industri iku sadjatine asil karjane masjarakat, dadi dudu asil karjane pribadi wong sidji2. Umpamane, sepatu gawejan pabrik iku ora mung mligi asil karjane buruh2 ing pabrik sepatu kang maneka warna keahliane, nanging uga asil karjane buruh kang gawe mesin2 lan barang bakalane kang dibutuhake kanggo gawe sepatu iku. Mulane wis samestine jen sarana produksi lan uga barang2 kang diasilake iku dadi darbeke masjarakat. Nanging ana ing masjarakat kapitalis sarana produksi kajadene perusahaan2, pabrik2, lemah, lan uga barang2 kang diasilake iku ora dadi darbeke masjarakat, kosokbaline, dadi darbeke pribadi, darbeke kaum kapitalis.

Kaum kapitalis ora merdulelake marang kapentingan2-e masjarakat. ngGone ngedol barang2-e mung kanggo mburu babaten. Kanggo nambah kauntungane, produksine ditambah lan nggone ngisep kaum buruh ditikeli. Kawusanane, barang2 kang diasilake pabrik2 kapitalis iku luwih akeh banget tinimbang karo kang bisa

dituku dening wong2 sing migunakake, jaiku massa Rakjat. Ing kono tuwuh anane krisis ekonomi. Supaja reregane barang2 iku adjeg duwur, kaum kapitalis ngrusak barang2-e lan kanggo sawatara waktu ngendegake produksi sarta nglereni buruhe kang sapitang2 tjatjahe. Kahanan tambah ora bisa katahan, Rakjat ewon kang kaluwen, salagine kaum kapitalis ngobong utawa mbuwang barang kang ora karuwan akehe ana ing sagara. Dadi, hak milik pribadi kang asipat kapitalis tumrap sarana produksi iki mung gawe rusake banda kang awudjud barang2 materiil kang wis disilake iku mau lan gawe banget sangsarane Rakjat pakarja, marga saka anane pangangguran lan opah sing setitik. Dalan sidji2-ne kanggo ontjat saka kahanan kang kaja mangkene iki jaiku : *ngganti hak milik pribadi tumrap sarana produksi dadi hakmilik masjarakat*, tegese : saka tatanan kapitalis dadi tatanan sosialis.

Para maha sardjana lan maha gurune klas buruh, jaiku Karl Marx lan Friedrich Engels, wis ngungkapake angger2 kang nguwasani pamegare masjarakat kapitalis lan wis aweh bukti manawa tan kena ora kapitalisme iku bakal ambruk lan diganti dening Sosialisme.

Imperialisme — Kapitalisme Monopoli.

Papesten manawa kapitalisme bakal diganti dening Sosialisme dadi katon luwih tjeta lan luwih neseg maneh jaiku nalika kapitalisme wis ngantjik ana ing tataran kang pungkasan tumrape pamegare ana ing pungkasane abad kaping 19 lan ing kawitane abad 20, jaiku imperialisme. Ana ing djaman imperialisme produksi nglumpuk ana ing perusahaan kapitalis raseksa kang migunakake kaum buruh nganti pirang2 puluh ewu tjatjahe. Ora mung perusahaan tjilik2 lan sing sedengan, nanging uga perusahaan gede2 akeh kang kadesek lan kagiles dening perusahaan2 raseksa iku.

Kaum kapitalis manunggal ana ing kumpulan2 kuwat kang nguwasani produksi lan pangedoling barang2 industri. Kumpulan2 iki arane monopoli. Monopoli2 kapitalis netepake reregane kang sarwa duwur kang gawe bangkrute Rakjat pakarja, kosokbaline kaum monopoli ngeruk babaten kang sa-akeh2-e. Ana ing masjarakat kapitalis saiki monopoli iku kuwasa banget lan njengkerem sakabehing babagan ngaurip ing nagara kapitalis. Mula saka iku imperialisme diarani *kapitalisme monopoli*.

Ana ing djaman imperialisme bagejan2 ekonomi ing sawidjining nagara sangsaja sipat gantung-gumantung antarane sidji lan sidjine. Lan sesambungane ekonomi antarane nagara2 kapitalis sangsaja raket. Saupamane rante, saben nagara kapitalis iku dadi sambungane tatanan imperialisme sadunja.

Supaja babatene tikel-matikel, kaum kapitalis monopoli nelukake lan ngrampas nagara2 kang ringkih lan ora madju ing babagan

ekonomi. Ana nagara2 kang babar pisan dikuwasani lan didadekake djadjahane. Ana ing kawitane abad kaping 20 penduduk ing tanah djadjahane Inggris tjatjahe 480 juta (tikel ping sapuluhe penduduk Inggris dewe), ing tanah djadjahane Perantjis 70 juta (tikel pindone penduduk Perantjis) lan ing tanah djadjahane Walanda 41 juta (meh tikel ping pitune penduduk nagara Walanda dewe). Imperialisme nindakake sistim panindesan kang luwih dening daksija, jaiku panindese sagolongan tjilik kapitalis tumrap sape-rangan gede banget penduduk dunja.

Panindesan kang daksija iku tan kena ora mesti luwih2 gawe santere tjatjongkrahan antarane kaum buruh lan kaum kapitalis lan antarane Rakjat kang katindes ing nagara2 djadjahan karo panguwasanane kaum imperialis. Tjatjongkrahan2 iki nggrowoti dasar2-e kapitalisme lan njepakake ambruke.

Kadjaba saka iku, tjatjongkrahan antarane nagara2 kapitalis ija mundak santer. Sidji2-ne nagara imperialis kapengin ngrampas tanah djadjahan, sumber2 barang bakalan, pasar2 lan sapanunggalane kang luwih akeh. Sarehne djagad iki wis entek di-bage2, mulane kasrakahane imperialis iku mesti mahanani perang antarane nagara2 imperialis, lan peperangan iki sadjatine gawe ringkihe kaum imperialis dewe.

Sawise ngontjeki pamegare kapitalisme ana ing tataran imperialis iki, Lenin gawe papunton, manawa imperialisme kang ngandut tjatjongkrahan sa-pirang2 iku, kena diarani kapitalisme kang wis gapuk lan sekarat, lan mratandani jen wis tekan titimangsane revolusi sosialis. Pamegare kapitalisme ana ing sadjroning djaman imperialisme iki nguntapake masjarakat manungsa tumudju menjang talundaking Sosialisme. Nanging ora ateges manawa owahe saka kapitalisme menjang Sosialisme bisa tumindak dewe tanpa pambudidajane Rakjat pakarja. Kaum kapitalis ora nate ngowah-cwah hak darbeke pribadi tumrap sarana produksi dadi hak darbeke masjarakat utawa masrahake panguwasane lan bandane iku karti rila. Supaja bisa owah menjang Sosialisme, panguwasane kaum kapitalis kudu dirubuhake lan sarana2 produksine dirampas. Ja iki sing diarani revolusi sosialis.

Ajahan lan tudjuwane Revolusi Sosialis.

Pindah saka tatanan masjarakat sidji menjang tatanan masjarakat lijane iku tansah kudu sarana revolusi2. Djalaran klas2 kang lawas kang isih nduweni kapentingan nglestarekake anane tatanan masjarakat lawas ora bakal rila masrahake panguwasane. Mulane klas2 kang anjar kudu badjuwang supaja bisa mimpin pamarentahan kanggo mbangun tatanan masjarakat anjar lan nanggung kame-nangane tatanan masjarakat kang anjar iki.

Dadi revolusi iki nganakake owah2-an kang baku sadjroning masjarakat, panguwasa tumrape nagara pindah saka klas sidji marang klas lijane, lan ing kono bandjur muntjul masjarakat anjar kang luwih madju. Kanti revolusi2 iki masjarakat bandjur ngantjik ing tataran masjarakat kang luwih duwur tumrapping pamegare; mulane revolusi2 iki kena diarani lokomotip2-e sadjarah kang ngobahake masjarakat manungsa iki dadi madju.

Nanging revolusi2 ing djaman2 kang wis kapungkur durung bisa asil njirnakake pangisepane manungsa marang manungsa. Klas2 kang menang ana ing revolusi2 iku mau migunakake panguwasa tumrap nagara kanggo njentosakake lan mbangetake panindesane tumrap Rakjat pakarja. Sakabehing revolusi iku mau mung ganti pawudjudan pangisepan sidjine karo lijane. Upamane, revolusi burdjuis agung Perantjis ing pungkasane abad kaping 18 pantjen kalakon gawe lebure dasar2-e tatanan feodal lan mbabad dalan tumrap kapitalisme. Nanging revolusi iku ora bisa mbebasake Rakjat pakarja. Panguwasa mau lumintir saka sapanta kaum panindes, jaiku tuwantanah, marang sapanta kaum panindes lija, jaiku kaum kapitalis.

Wis pirang2 abad suwene Rakjat kang katindes nduweni pangarep-arep lan badjuwang nggulingake kaum penindes lan kaum pangisep supaya nggajuh kabebasan kang sadjati. Nanging suwe banget tudjuwan iki ora klakon2. Dene sababe mung marga sjarat2 kang dibutuhake durung ana. Pindahe menjang tatanan masjarakat kang urwal babarpisan saka panindesan lan pangisepan, kang ing kono Rakjate bisa njambutgawe kanti bebas kanggo mudjudake karahardjane masjarakat, iku bakal kaleksanan jen wis ngantjik tatanan kang pasti tumrap pamegare masjarakat, jaiku kang mung bakal bisa diwudjudake dening revolusi proletar, ija revolusi Sosialis. Revolusi sosialis proletar iku dasare pantjen beda banget karo revolusi2 kang wis kapungkur, jaiku ngilangake babarpisan anane panindesan lan pangisepan.

Revolusi sosialis iku tudjuwane gawe lebure tatanan kapitalis sabandjure diganti nganggo tatanan sosialis. Kaja kang wis kasebut ing duwur, pindahe masjarakat menjang tatanan kang anjar iku wis ditjepakake dening pamegare kapitalisme dewe. Kakuwatan kang bakal ngajahi revolusi sosialis iku dilahirake dening kapitalisme dewe, jaiku *klas buruh*.

Klas buruh ora duwe apa2 kadjaba mung tenagagawene. Sing penting tumrap deweke jaiku sirnane tatanan kapitalis kang njiksa deweke nganti nandang sangsara dadi panganggur, mlarat lan kaliren. Kaum buruh nglumpuk ana ing kabudidajan gede. Ing kono deweke dadi kulina njambutgawe masjarakat, disiplin lan tansah digegulang tjara2 njambutgawe kang sarwa diorganisasi. Klas buruh

iku kalebu golongan kang unggul dewe mungguhing kapijandele tumrap klase lan kang diorganisasi kanti rapi banget. Sjarat2-e klas buruh iku dewe ndajani marang deweke kanggo ngrubuhake tatanan kapitalis lan kanggo nggajuh kamenangan tumrap Sosialisme. Mulane kena diarani manawa *klas buruh iku kang dadi djurukubure kapitalisme lan djuru-tjiptane Sosialisme*.

Sadjrone nindakake ajahan sadjarahe iku klas buruh ora ngidjeni. Deweke dibantu dening sakabehing golongan Rakjat pakarja. Kapentinganane klas buruh iku pada karo kapentingan perangan kang gede dewe ing masjarakat, luwih2 karo kapentinganane kaum tani.

Wis kaping2 kaum tani ngraman nglawan kaum panindes nanging tansah gagal, amarga ora duwe program kang tjeta lan pimpinan revolusioner kang teguh. Deweke bisa nggajuh kabebasan kang sadjati mung jen dipimpin dening klas buruh. Pasekutone klas buruh lan kaum tani pakarja iku kakuwatan kang ngedab-edabi tumrap padjuwangan kanggo nglawan panguwasane kaum kapitalis lan tuwantanah. Mula saka iku, murih bisane nglebur panglawane kaum pangisep lan njirnakake tatanan burdjuis sarta mbangun masjarakat sosialis, klas buruh kudu nganakake pasekuton sing raket lan kukuh karo kaum tani.

Ananging, supaja anggone nindakake ajahan nglebur tatanan burdjuis lan mbangun masjarakat kang anjar babarpisan iku bisa kalakon, klas buruh mbutuhake pimpinan kang mampuni, sugih pangalaman, lan kaduga aweh tuntunan kang bener kanggo ngadepi kahanan kang kaja apa bae. Pimpinan kang kaja mangkene iki mung ana ing tangane partai revolusioner proletariat, jaiku Partai Komunis kang tansah ngugemi marang teori revolusioner Marxisme-Leninisme.

Sarehne masjarakat sosialis iku masjarakat kang ing kono wis ora ana pangisepan lan panindesan maneh, mula tatanan ekonomi Sosialis iku tangeh bisane lahir ana ing masjarakat kapitalis kang produksine kadasarake marang pangisepan manungsa sidji marang manungsa lijane. Mula saka iku, sawise proletariat nduweni panguwasa, saben nagara mbutuhake anane *mangsa pangalihan* kanggo ngowahi tatanan ekonomi kang lawas dadi tatanan ekonomi kang anjar, jaiku tatanan ekonomi Sosialis.

Sawise klas buruh kalakon ngrubuhake panguwasane burdjuasi, deweke mbangun panguwasane dewe, jaiku kang diarani diktatur panguwasane proletariat. Diktatur proletariat iku diktature panguwasane massa Rakjat, buruh lan tani, kang dipimpin dening klas proletar, lan kang ditudjokake marang klas burdjuis lan kaum kontra-revolusioner lijane. Nagara proletar iki dadi piranti pokok tumrap klas buruh kanggo nindes panglawane klas2 kang wis diamburukake, kanggo nanggulangi serangan2-e kaum imperialis saka

ndjaba, lan kanggo mbangun Sosialisme. Beda karo nagara2-ne klas pangisep kang dadi pirantine saglintir manungsa kanggo nindes Rakjat kang akeh dewe tjatjahe, nagara proletar iku dadi prabote perangan kang gede dewe tumrap masjarakat kanggo nindes panglawane kaum reaksioner kang tjatjahe mung sadjumptu iku.

Masjarakat Sosialis lan Komunis.

Kaja kang wis kita sumurupi, revolusi sosialis oleh kemenangan kang kapisan jaiku ing Rusia kanti petjahe Revolusi Sosialis Oktober Agung nalika tanggal 7 November 1917. Asile Revolusi Agung iki lahir nagara sosialis kang kapisan ana ing dunja — jaiku Uni Sovjet kang djembare laladan ana sapranem djagad.

Ana ing masjarakat sosialis sarana produksi dadi darbeke masjarakat. Mula saka iku ana ing masjarakat sosialis tangkeh bisane ana wong utawa golongan kang bisa migunakake sarana2 produksi iku kanggo ngisep karjane wong lija. Sing bisa oleh pangan mung wong sing njambutgawe. Mulane tatanan sosialis katjonggah njirnakake sakabehing tatanan lan pawudjudan panindesan sarta pangisepan manungsa sidji marang manungsa lijana.

Tudjuwane produksi ana ing masjarakat sosialis jaiku kanggo ndjamin supaya kabutuhane Rakjat pakarja ngenani barang2 lan kabudajan kang tansah tambah iku bisa katjukupan kanti saakeh-akehe. Tudjuwan mangkene iki bisa klakon jen disaranani pambudidaja kang tanpa kendat kanggo nikelake lan njampurnakake produksi sosialis kang didasarake marang anane tehnik kang sasampurna2-ne.

Ana ing sadjroning masjarakat sosialis sing ditindakake jaiku dasar: "*Saben wong njambutgawe miturut kasanggupane, saben wong nampa asil miturut asil karjane*". Masjarakat sosialis iku tataran kang kawitan, ija tataran kang isih tjendek tumrap masjarakat Komunis. Sangsaja madjune tenaga2 produktif lan tehnik produksi, masjarakat bakal madju saka setitik pindah menjang tataran kang luwih duwur, jaiku masjarakat Komunis, kang asil produksine nganti ngluwihi lan ing koso bisa katindakake dasar: "*Saben wong njambutgawe miturut kasanggupane, saben wong nampa asil miturut kabutuhane*".

II. SAKABEHING DALAN TUMUDJU MENJANG KOMUNISME.

Kita saiki urip ana ing djaman krisis umum kapitalisme, jaiku djamane kapitalisme saja suwe saja ringkih lan Sosialisme dalah Komunisme terus ngrebda lan saja santosa. Sosialisme wis ora mung gagajuhan maneh, nanging wis dadi kanjatan.

Uni Sovjet kang sarwa gagah lan tjepet tumindake iku saiki lagi nedeng2-e mudjudake saka satitik alih2-an saka Sosialisme menjang Komunisme. Kadjaba Uni Sovjet, uga wis ana nagara2 lijane ing Eropah lan Asia, kajadene Republik Rakjat Tiongkok, kang wis kalakon uwal saka tatanan kapitalisme lan lagi nedeng2-e mbangun masjarakat sosialis.

Mundak dina mundak tjeta mungguhing bab, kaunggulane tatanan sosialis tinimbang tatanan kapitalis. Sadurunge perang dunja kapindo mung ana nagara sosialis sidji kang padununge kira2 200 juta. Saiki Sosialisme wis njumrambahi welasan nagara, jaiku laladan kang djembare wiwit saka Djerman tumeka Korea, lan padununge kurang luwih ana 1.000 juta, kang ateges 35%-e penduduk dunja saiki iki pada manggon ana ing nagara2 sosialis iki. Dadi, kena diarani manawa saben wong telu kang urip ana ing dunja iki sing sidji urip ana ing nagara sosialis. Nagara2 sosialis iku pada njambutgawe babarengan bantu-binantu kang raket lan asipat memitran. Ekonomi terus madju sarwa dirantjang lan ora ngalami krisis2. Ana ing taun 1917 Rusia Sovjet ngasilake 2 — 3% saka asile industri sadunja; saiki nagara2 sosialis ngasilake sapratelone bakalan2 industri sadunja lan kira2 40%-e asil djenis pari sadunja. Ing pirang2 babagan lan babagan tehnik tatela manawa nagara sosialis luwih unggul tinimbang kubu kapitalis. Bukti kang tjeta jaiku anane paluntjuran satelit bumi gawejan (sputnik2). Ing tanggal 1 Djanuari 1959 revolusi Rakjat Kuba bisa antuk kemenangan gemilang djalaran wis bisa ngrubuhake rezim (kekuasaan) fasis Batista lan lan wiwit sasi April 1961 Rakjat Kuba ngleksanakake revolusi sosialis. Kosokbaline, kahanan ing djagad kepitalis saja mawut; Rakjat sing 700 juta urip ana ing nagara2 kang lagi bae mardika lan anti-imperialis kaya dene Indonesia, India, Mesir, Birma lan sapanunggalane, sing 600 juta lagi pada badjuwang nglawan imperialisme kanggo ngrebut kamardikan-nasionale; dadi mung kari 400 juta kang urip ana ing nagara2 imperialis dewe, nanging samono uga ing kono gerakane kaum buruh lan Rakjat kang nglawan marang panguwasane kaum monopoli mundak dina mundak kuwat. Sasambungane antarane nagara2 kapitalis iku dasare isep-ingisep, negara sing kuwat nguwasani sing ringkih. Kahanan-kahanan kang kaya mangkono iku nuwuhake tjatjongkrahan kang ngedab2-i kang ora bisa dirampung dening kapitalisme. Ekonomi kapitalis muwuhi sangsarane Rakjat pakarja lan terus dianjam dening krisis. Mulane ana ing sadjroning pamegare kahanan dunja iki katon tjeta anane pamegaran kang warna loro enere: pamegaran sidjine ngener marang panguwatan lan terus ndjembarake kubu sosialis, kamardikan lan padamen, dene lijane pamegaran mung tjatjongkrahan lan runtuhu kubu imperialis, kolonialis sarta peperangan.

Kaja dene masjarakat lijane, samono uga Indonesia manut marang angger² pamegare masjarakat. Sakabehing nagara mesti nudju menjang Komunisme, mung bae dalane beda², laras karo kahanan² kang njata ing sidji²-ning nagara. Samono uga Indonesia bakal nudju menjang Sosialisme lan Komunisme, dene dalane ditemtokake dening kahanan-ing masjarakat kita dewe.

Ing wektu iki Indonesia durung mardika sampurna, tegese isih satengah² djadjahan lan satengah feodal. Mula saka iku mungsuh pokok kang diadepi dening Rakjat Indonesia, jaiku : imperialisme, feodalisme lan burdjuasi komprador (burdjuasi kang dadi agene² imperialis). Kaja kang wis diterangake ana ing dokumen² Kongres Nasional PKI kang kaping VI, kanti ndasarake marang kahanan ing Indonesia waktu saiki, revolusi Indonesia iku kaperang dadi rong tataran :

1. Ing tataran saiki revolusi Indonesia iku revolusi demokrasi Rakjat, jaiku revolusine massa Rakjat kang djembar tebane, kang dipimpin dening klas buruh Indonesia, nglawan imperialisme, feodalisme lan burdjuis komprador, kanggo ngedegake panguwasane Rakjat. Iki tegese : "ngrampungake Revolusi Agustus 1945 kang nganti tapis", lan ngedegake nagara Indonesia kang mardika sampurna, demokratis lan madju.
2. Sawise revolusi demokrasi Rakjat menang, revolusi enggal pindah menjang tataran revolusi sosialis kanggo mudjudake tatanan Sosialisme² lan sistim Komunisme ing Indonesia, sa-laras karo kabutuhan pamegaring sosial lan ekonomi Indonesia sarta njotjogi marang pikarepe Rakjat Indonesia. Iki ateges mbangun masjarakat kang tanpa pangisepan manungsa sidji marang manungsa lijane, masjarakat kang adil lan rahardja ing Indonesia.

Sosialisme lan Komunisme pantjen wis dadi papestening sadjarah. Ora ana kakuwatan kaja ngapa bae wudjude kang bisa ngalangi laku djantrane sadjarah iki.

Kaum buruh sadunja manunggal.

Ajahan PKI kang neseg kaja kang wis kapatokake dening Kongres Nasional kaping lima lan kaping enem iku ana loro :

Kapisan, nggalang front panunggal nasional anti imperialis kang awewaton marang pasekutone kaum buruh lan kaum tani anti feodal kang dipimpin dening klas buruh.

Kapindo, nerusake pambangunan Partai kang sumebar saindenging nagara lan duwe watak massa kang djembar lan kang wis dikuwatake kanti sampurna ana ing babagan ideologi, politik, lan organisasi.

Supaja betjik anggon kita nindakake ajahan rong warna iku, kaum Komunis uga kudu njinau gerakan buruh internasional.

Apata sasambungane adjaran GBI (Gerakan Buruh Internasional) iku tumrapping pagawejan nindakake ajahan iku mau ?

ngGalang front persatuwan nasional anti-imperialis iku uga dadi ajahane Partai2 klas buruh ing sakabehing nagara djadjahan lan satengah djadjahan kajata : Indonesia nglawan imperialisme Walanda, ing Kuba nglawan imperialisme Amerika, ing Aldjazair nglawan imperialisme Perantjis, lan sapanunggalane. Dadi tegese pada2 nglawan imperialisme.

Sabandjure, ing saben nagara klas buruh mbangun Partai Marxis-Leninis kanggo mimpin Rakjat ana ing sadjroning padjuwangan kang tumudju marang kamardikan nasional kang sampurna, Sosialisme lan padamen. Dadi sadjroning nindakake ajahane PKI, kadjaba njinau pangalamane dewe, kita uga kudu njinau pangalamane klas buruh sadunja, tegese njinau GBI.

Padjuwangan nglawan imperialisme kang lagi nedeng2-e kita tindakake iki dadi perangan kang ora bisa dipisahake saka padjuwangane klas buruh lan Rakjat ing nagara2 kang ngadepi panindesane imperialisme.

Padjuwangan iki ora bisa dipisahaken karo padjuwangane klas buruh lan Rakjat pakarja lijane ing nagara2 imperialis kang lagi badjuwang nglawan pangisèpan lan upajane kaum imperialis kanggo perang.

Padjuwangan kita uga ora bisa di-pisah2-ake karo padjuwangane klas buruh lan Rakjat ing Kuba sosialis kang lagi mbangun Sosialisme lan Komunisme. Kamenangan klas buruh lan Rakjat ing sawenehing nagara tumrap pihak kang pada2 dadi mungsuhe iki uga ateges kamenangan klas buruh lan Rakjat sadunja, kalebu klas buruh lan Rakjat Indonesia. Mula saka iku kamenangan iki nguwatake padjuwangan internasional anti-kolonialisme lan tjinta damai, lan ngringkihake kekuwatane kaum imperialis. Dadi, njinau GBI ateges : nggawe PKI supaja mundak bisa mbijantu gijat ma-

rang padjuwangan klas buruh Internasional tumudju marang kamardikan, Sosialisme lan padamen.

1. *GBI nggatakake patriotisme karo internasionalisme proletar.*

Wiwit lahir klas buruh wis badjuwang supaja ontjat saka kamlaratan lan pangisepan. Ana ing tataran kang kawitan kaum buruh mung badjuwang nglawan madjikan kang ngisep deweke tanpa lantaran. Padjuwangan iki mrentja², ora sambung sidji lan sidjine. Mula saka iku asile tumrap klas buruh dewe ora sepiroa.

Kapitalisme modern butuh nggelar papan kanggo sasambungan lan pangangkutan, ing sakawit ing sadjroning nagara antarane daerah sidji lan sidjine, sabandjure sasambungan lan pangangkutan antarane sakabehing nagara ing dunja. Salaras karo kahanan iki, panunggale lan padjuwangane klas buruh uga mundak madju saka kang asipat nasional dadi asipat internasional. Padjuwangan klas buruh kang njumrambahi sakabehing nagara iki dadi pawudjudan tumrap manunggale patriotisme lan internasionalisme-proletar, kang mawa sasanti kang djaja : Kaum buruh sadunja manunggala !

Sing nduweni sipat internasionalisme iku ora mung klas buruh. Burdjuasi uga duwe sipat internasionalisme, nanging internasionalisme burdjuis (kosmopolitanisme) ; tudjuwane jaiku nindakake pangisepan lan panindesan kanti banget marang klas buruh.

Golongan² tartentu lijane, kajadene golongan agama Katolik, Kristen, Islam lan sapanunggalane, uga duwe internasionalisme, kajata internasionalisme Katolik, internasionalisme Islam lan sapanunggalane.

Sing dadi pokok-kawite internasionalisme burdjuis mono jaiku pambudidajane klas burdjuis supaja tatanan produksi kapitalis iku dadi tatanan produksi kang nguwasani dunja. Internasionalisme burdjuis iku kapandjingan nepsune klas burdjuis kang tansah arep meres kauntungan sing sa-akeh²-e, arep ngiles-iles Rakjat ing saindenging dunja. Mulane adjarane internasionalisme burdjuis, kang uga diarani *kosmopolitanisme* utawa *nihilisme nasional*, tundone mung njuburake rasa njelaki bangsa lan tanah wutah getih.

Kosokbaline, sing dadi pokok-kawite internasionalisme proletar jaiku nasibe padjuwangane klas buruh sadunja kang pada ngadepi panindesane kapital. Mula saka iku deweke ngandut semangat bantu-binantu, semangat tahu pamitran internasional kang teguh sadjroning badjuwang mbebasake umat manungsa saka sakabehing panindesan kang marupa-rupa wudjude, sarta mbangun Sosialisme.

Internasionalisme proletar iki katon tjeta saka sikepe kaum buruh lijan nagara tumrap Revolusi Agustus 1945. Ing nalika semana kaum buruh Australia mboikot kapal²-e Walanda kang arep



ngangkut wadyabala kolonial-e menjang Indonesia perlu kanggo numpes revolusi. Klas buruh Australia mbijantu padjuwang2 kamardikan nasional kang nglawan Walanda ing kana. Kaum buruh Walanda kang dipimpin dening Partai Komunis Walanda wiwit saka kawitan tansah mbela Revolusi Agustus lan nglawan politik kolonial pamerintah Walanda.

Ana ing PBB sing disik dewe mbela Republik Indonesia jaiku Ukraina Sovjet. Sabandjure, sing disik dewe ngakoni Republik Indonesia lan nganakake hubungan diplomatik jaiku Uni Sovjet lan Tjekoslowakija.

Kosokbaline, sikepe imperialisme tumrap Rakjat Indonesia kang nglawan kolonialisme Walanda beda banget. Tjontone sing gampang bae imperialisme Amerika Serikat. Deweke nganakake hubungan diplomatik karo Republik Indonesia ora kok arep mbantu kita. Karepe mung ngendih kolonialisme Walanda saka Indonesia. Deweke kapengin nggenteni kalungguhane Walanda supaya bisa nindakake pangisepan kolonial tumrap Rakjat Indonesia. Wiwit bijen mula deweke mbantu imperialis lan memungsuhi Revolusi Agustus 1945.

Kita kerep krungu swarane kaum reaksi kang ngandakake manawa PKI iku Partai internasional, lan mula saka iku ora miliki kapentingan nasional tumrap Rakjat Indonesia. Apa bener jen dikandakake manawa internasionalisme proletar Partai Komunis tjengkah karo kapentingan nasionale Rakjat?

Panemu kang kaya mangkene iki tjeta jen ora bener. Tjontone, kaprije sikepe PKI ngenani padjuwangan Rakjat Indonesia, kang nglawan imperialisme Walanda. Wiwit lahir PKI wis patjakbaris ana ngarep dewe sadjroning padjuwangan nasional tumrap Rakjat Indonesia kanggo nundung panguwasane Walanda saka tanah wutahgetih kita. Pambrontakan nasional kang kapisan nalika tahun 1926 dipimpin dewe dening PKI. Sadjroning Revolusi Agustus kader2 PKI pada tumandang gawe sarana gijat. Samono uga PKI tansah mapan ana ing ngarep sadjroning Rakjat badjuwang mbatalake KMB, mbrasta "PRRI-PERMESTA", nglawan DI-TII lan gerak subversif (tjampur tangan) asing, sarta sadjroning padjuwangan kanggo mbetjikake uripe Rakjat lan sapanunggalane. Lan tumekane saiki PKI isih tetep mapan ana ing barisan ngarep dewe sadjroning padjuwangan nglawan imperialisme lan sisa2-ne feodalisme ana ing Indonesia. Katresnan marang tanah wutahgetih utawa kang diarani patriotisme-ne klas buruh Indonesia iku katresnan kang katudjokake marang Rakjat pakarja lan antjase jaiku kanggo nggajuh kabebasan saka sakabehing panindesan. Iki tjeta jen ora pada karo nasionalisme burdjuasi kang tijjut utawa kang uga diarani sovinsisme, kang marga saka kadereng dening napsu angkaramurkane kapitalis, anane mung mburu marang kapentinganane dewe,

lan nganggep manawa sing betjik iku mung bangsane dewe dene bangsa lija iku ala.

Wiwit mbijen mula klas buruh Walanda mbijantu klas buruh lan Rakjat Indonesia. Kang sapisanan nepungake Marxisme marang klas proletar Indonesia ija kaum Marxis Walanda. Wiwit nalika samana Partai Komunis Walanda tansah nggolong marang PKI lan Rakjat Indonesia kang badjuwang supaja uwal saka blenggune kolonialisme Walanda. Sikepe iki ora tjengkah karo kapentingan nasional Rakjat Walanda. Sikep kang didasarake internasionalisme proletar iki mula makili kapentingan nasional kang sadjati Rakjat Walanda dewe. Sababe, kamenangan Rakjat Indonesia uga ateges bakal gawe ringkihe imperialisme Walanda, lan bab iki nguntungake padjuwangan klas buruh lan Rakjat Walanda.

Kamenangan iki ateges mbijantu klas buruh lan Rakjat Walanda kanggo ontjat saka pangisepane burdjuis Walanda sarta kanggo bangun Sosialisme ing negarane.

Perdjuwangan klas buruh lan Rakjat pakarja Walanda iki nguntungake Rakjat Indonesia. Mula saka iku P.K.I. bijantu uga perdjuwangan Partai Komunis Walanda lan Rakjat Walanda kanggo mudjudake Sosialisme ing negara Walanda.

Kanti mengko tjeta menawa internasionalisme proletar kaum Komunis tjengkah karo kosmopolitanisme lan nihilisme nasional kaum burdjuis. Semono uga patriotisme nasional kaum komunis tjengkah karo souvinisme burdjuis.

Internasionalisme proletar kaum komunis njawidji karo patriotisme sedjati. Marga dadi abdi kang sedjati setija marang tanah wutah getih lan bangsa, kaum komunis dadi internasionalis sedjati. Lan kaum Komunis lagi bisa dadi patriot sedjati jen setija marang prinsip Internasionalisme proletar, jaiku berdjuang kanggo nggajuh katekane persamaan lan paseduluran ing antarane bangsa2 sadunja.

II. *Dunja ngalih saka kapitalisme menjang Sosialisme.*

Idam2ane gerakan buruh internasional iku : ngalahake kapitalisme lan menangake Sosialisme. Idam2-an iki diwedarake satjara ilmu kang kapisanan jaiku ana ing Manifes Partai Komunis kang tjinipta dening K. Mark lan F. Engels nalika tahun 1848. Ana ing Manifes Partai Komunis diwedarake teori2 kang baku tumrap Marxisme utawa Sosialisme ilmu.

Kadjabo Sosialisme ilmu ana sosialisme ma-warna2. Ana sosialisme feodal, sosialisme burdjuis, sosialisme kerakjatan, sosialisme burdjuis tjilik, sosialisme lamunan. Sosialisme2 iki kabeh tjengkah karo kepentinganane klas buruh, amarga ora tjotjok karo kahanan kang sanjatane lan angger2 pamegare masjarakat. Sanadjan kaja

mangkono, maune Sosialisme kang warna2 iku isih duwe pengaruh ana ing gerakan klas buruh.

Ananging sadjroné proses padjuwangane klas buruh kanggo uwal saka panindesane kapital, tatela manawa ja mung Marxisme iku adjaran Sosialisme kang temen2 bisa mudjudake kabebasan iku.

Masyarakat sosialis kang kapisanan dilahirake dening Revolusi Oktober iku awèh piwulang kang gedhe banget makrane ing babagan teori lan pengalaman marang gerakan klas buruh.

Kapisan, jaiku manawa Revolusi Sosialis iku bisa menang ana ing sawenehing nagara; petjahe Revolusi Sosialis ing sawatara nagara iku sawidjining bab kang njebal, lan revolusi iku ora bisa petjah babarengan sanalika ing sakabehing nagara. Sabandjure, bisane petjah revolusi iku ora kawatesan mung ing nagara2 kang wis madju bae. Deweke bisa petjah ana ing nagara ngendi bae kang dadi perangan kang ringkih dewe ana ing sasambungane rante imperialisme. Bab iki nggedekake semangat sarta prakarsa kang revolusioner tumrap klas buruh ing saben negara.

Kapindo, kanti menange Revolusi Oktober iku saiki dunja kapetjah dadi rong tatanan: tatanan dunja kapitalis, lan tatanan sosialis ing sapraneme lumahing djagad. Kamenangan iki nggampangake klas buruh ing sakabehing nagara anggane badjuwang lan menangake Sosialisme.

Sabandjure, wiwit perang dunja kapisan lan kanti petjahe Revolusi Sosialis Oktober iku, tumrap sedjarahe umat manungsa wiwit tapuk djaman anjar: djaman krisis umum kapitalisme lan revolusi proletar sadunja. Ana ing djaman iki revolusi burdjuis demokratis ing tanah2 djadjahan lan satengah djadjahan wis dadi perangane revolusi proletar dunja lan mung bakal bisa menang jen dipimpin dening klas buruh.

Sawise Perang Dunja ka-II ing Eropah Wétan lan Asia lahir nagara2 Demokrasi Rakjat, kang sabandjure manunggal karo Uni Sovjet mudjudake tatanan dunja sosialis.

Kamenangane Revolusi Tiongkok nduweni makna internasional kang gedhe, luwih2 tumrap gerakan kamardikan nasional ing tanah2 djadjahan lan setengah djadjahan. *Kapisan*, tumrap kapitalisme dunja bab iku sawidjining anteman kang abot lan dadi prantanda rontoge tatanan kolonial imperialisme, sarta wis nganakake owah2an kang gedhe banget tumrap imbalan kekuwatan ing dunja. *Kapindo*, deweke dadi tjonto tumrap klas buruh lan Rakjat ing tanah djadjahan lan satengah djadjahan. Revolusi Tiongkok minangka bukti manawa kamenangane revolusi bisa direbut jen duwe sjarat warna 3: anane pambangunan Partai Komunis kang santosa, anane panggalangan front panunggal nasional kang kuwat, lan padjuwangan agagaman sing kuwat kanggo nglawan kontra-revo-

lusi. Klas buruh Indonesia uga ndjupuk piwulang kang akeh saka pangalamane Revolusi Tiongkok.

Ing waktu samengko kakuwatan2 Sosialisme lan demokrasi wis saja kuwat, lan kapitalisme sangsaja ringkih. Ana ing kahanan kang kaja mangkono iku dudu prakara kang mokal. Jen nggajuh Sosialisme iku bisa kanti tjara damai, kanti tjara parlementer (tjara padjuwangan liwat Dewan Perwakilan Rakjat). Rakjat kang dipimpin dening Partai Komunis bisa ngrebut swara kang akeh dewe kang bakuh ana ing parlemen, lan sabandjure parlemen diwalik dadi badan kang ngawula marang kapentinganane Rakjat. Jen kahanan kang mengkono iku dibarengi karo gerakane Rakjat pakarja kang revolusioner, ing kono bakal bisa diwudjudake sjarat2 kanggo nggajuh Sosialisme kanti tjara2 damai. Tjara2 kang kaja mangkono iku pantjen bisa tinemu ing nalar, lan pantjen diwudjudake dening kaum Komunis.

Tjara2 lija kang uga bisa kalakon, kajata ing nagara2 kang ing kono kapitalisme isih kuwat lan nduweni prabot penguwasaning nagara kajadene militer lan polisi kang gede : ing kono kaum reaksi-oner wis mesti bakal nganakake panglawan kang kuwat. Ana ing kahanan kang kaja mangkono Sosialisme kapeksa diwudjudake nganggo tjara padjuwangan klas kang santer. Dadi, kaprije mungguh tjara kang bakal ditempuh kanggo mudjudake Sosialisme iku uga gumantung marang burdjuasi. Sadjrone mbudidaja supaja Sosialisme diwudjudake kanti tjara damai, kaum Komunis uga kudu tansah sijaga kanggo ngadepi jen kapeksa kudu nempuh tjara ora damai. Saja kasil anggon kita ngorganisasi Rakjat kanti tjara kang revolusioner, dalan damai iku dadi saja djembar.

Nanging, tjara, apa kang arep ditempuh kanggo mudjudake Sosialisme, sjarat sidji kang ora bisa ditinggal, jaiku : pimpinanane klas buruh lan anane Partai Komunis. Tanpa pimpinanane klas buruh lan Partai Komunis tangeh bisane nggajuh anane masjarakat Sosialis.

III. *Nglawan Revisionisme Modern.*

Sjarat penting kanggo neguhake front internasional anti-kolonial, padamen lan Sosialisme, jaiku panunggal kang gembleng tumrap Gerakan Komunis Internasional. Ing wektu iki gerakan sosialis internasional (soska internasional) wis ora katjonggah maneh ndajani massa kaum buruh kanggo metjah GBI. Ananging saiki revisionisme modern kang diwakili dening Tito dalah LKJ (Liga Komunis Jugoslavia)-ne mudjudake babaja kang luwih dening mutawatiri tumrap panjawidjine Gerakan Komunis Internasional. Ngenani babagan iki Deklarasi Petemone Partai2 Komunis lan Buruh ing Moskow nalika taun 1957 wis mratelakake mangkene : "Babaja kang luwih dening gawat ing waktu iki jaiku revisionisme

utawa tembunge lija oportuniste tengen kang dadi pangedjawantahane ideologi burdjuis kang gawe lumpuhe tekad revolusionere klas buruh lan kang nuntut supaja kapitalisme dilestarekake utawa dipulihake".

Miturut revisionisme modern, kapitalisme iku kena dipes-tekake jen bakal owah dadi sosialisme, anggere klas buruh tjukup ndesek praboting nagara burdjuis. Tegese, klas buruh wis ora perlu maneh nganakake revolusi sosialis, ora perlu mbangun diktatur-proletariat. Iki ateges klas buruh dilutjuti gagaman teorine, jaiku Marxisme-Leninisme kang revolusioner. Lan tanpa teori revolusioner tangen lamun klas buruh bisa nggajuh kamenangan. Sabandjure, revisionisme duwe tudjuan ngganti Partai Komunis kang dadi Partai plopore tumrap Rakjat, dadi badan utawa kumpulan kanggo debat kang ora ketjonggah lan ora duwe kapentingan kanggo mimpin revolusi. Dadi tumrape klas buruh, nampa revisionisme modern ateges ora andjuwangake Sosialisme, kosokbaline nglestarekake panguwasane klas burdjuis.

Tumrap klas buruh lan Rakjat pakarja ing nagara sosialis, revisionisme LKJ iki mudjudake babaja tumrap kubu sosialis. LKJ mratelakake manawa deweke manggon ana ing sadjabaning kubu sosialis lan kubu imperialis, Deweke mitenah manawa Uni Sovjet iku "imperialisme" manawa Uni Sovjet iku nindakake "intervensi sadjroning nagara" tumrap nagara2 sosialis lijana. Sarana pitenahan2 kang kaya mangkono iku kaum revisionis LKJ mbudidaja supaya sajuk sabijantu antaran nagara2 sosialis kang darbeni semangat internasionalisme proletar diganti karo sasambungan lumrah kang lalandesan sovinsisme burdjuis.

Ing nagara2 Asia lan Afrika revisionisme modern-e Tito iku mbudidaja supaya bisa njebar bibit2 papetjahan sadjroning front internasional anti-kolonialisme lan sutresna damai. Deweke mbudidaja ngedohake nagara2 Asia lan Afrika saka kubu sosialis. Deweke mbudidaja mantjing2 supaya nagara2 iki mbangun "Blok ketelu" karo deweke. Sabandjure revisionisme LKJ ngadu nagara2 Asia sidji lan sidjine; upamane, deweke uga gawe blok karo Turki kang arane pasekuton Balkan kang ngantjam kaslametane nagara Irak lan sapanunggalane. Kadjaba saka iku deweke mbudidaja metjah front panunggal nasional ing nagara2 Asia lan Afrika, kanti tjara ngala-ala Partai2 Komunis kang setya marang Marxisme-Leninisme.

Wis mesti bae pambudidaja2 kang kaya mangkono iki mutawatiri tumrap manunggal front internasional anti kolonial, padamen lan Sosialisme. Ananging deweke uga mutawatiri tumrap kamardikane nagara2 Asia lan Afrika, amarga bisa ditjaplok maneh dening imperialisme dadi tanah-djadjahan.

Mula saka iku tumrap kaum Komunis sadunja, padjuwangan kanggo kamardikan, padamen lan Sosialisme, ora bisa di-pisah2-ake karo padjuwangan kang teguh nglawan revisionisme modern.

Sadjroning badjuwang nglawan revisionisme modern, padjuwangan nglawan subjektivisme burdjuis tjilik ora kena dilalekake senadjan mung sakedep netra. PKI urip ana satengahing samudra burdjuis tjilik. Mula saka iku babaja penjakit dogmatisme utawa penjakit kepengin nindakake pangalaman ing daerah lija tanpa di-tjotjokake karo sjarat2 kang tinemu ana ing panggonane dewe2 iku, tansah ana bae. Samono uga lalara empirisme kang mung arep sumende marang pangalamane dewe, ora gelem sinau teori lan pangalaman saka wong lija.

Ngenani bab iki-ana ing lapuran umum Kawan Aidit marang Kongres Nasional kang kaping enem PKI ngandarake manawa :
".....wigati banget nindakake bab rong warna iki : kapisan, nggagulang warga Partai supaya sadjroning mamilah kahanan politik lan sadjroning ngukur kakuwatan klas2 migunakake tjara Marxis-Leninis. Tegese kita nglawan pamilah lan petungan kang ditindakake kanti tjara subjektif. Kapihdo, mimpin supaya pikirane para warga diarahake menjang panliti lan *sinau ing babagan sosial lan ekonomi*, supaya bisa nentokake taktik padjuwangan lan tata karja, lan kanti mangkono mitra2 kita bisa ngerti manawa kasalahan kang ditindakake sadjroning nganakake panliti tumrap sawenehing kahanan kang njata iku bakal bisa gawa katliwenge mitra2 iku ana ing angen2 lan avonturisme....."

IV. *Ajahan kang luwih wigati tumrap GBI ing wektu samengko jaiku mbela padamen.*

Kapentingan Rakjat ing saben nagara sarta kabeh umat manungsa ing waktu saiki jaiku ndjamin anane karukunan kang langgeng.

Ing nagara2 sosialis kaum Komunis lan Rakjat pakarja lagi badjuwang mbangun masjarakat kang tata-rahardja, masjarakat kang ing djerone wis ora ana pangisepan manungsa tumrap manungsa maneh. Deweke lagi pada mbangun Sosialisme lan Komunisme, kang tumrap Rakjat ateges : katjukupan sandang lan pangan, djaminan karja lan djaminan jen wis ndungkap tuwa, djaminan oleh didikan kang pantes. Deweke uga badjuwang kanggo mudjudake karukunan lan paseduluran kang langgeng ing antarane kabeh bangsa. Kanggo nggajuh tjita2 iki, nagara2 sosialis mbutuhake padamen dunja kang langgeng.

Ing nagara2 Asia, Afrika lan Amerika Latin, kang ana sadjabaning kubu sosialis, Rakjat wis lan lagi badjuwang supaya uwal saka blenggu pendjadjahan, nglawan imperialisme. Saiki imperialisme mbudidaja njuled peperangan anjar supaya nguwasani nagara2

Asia, Afrika lan Amerika Latin maneh. Mula saka iku padjuwangan kanggo kamardikan nasional kang sampurna ing tanah2 djadjahan lan satengah djadjahan uga ateges padjuwangan kang tumudju menjang padamen kajadene padjuwangane Rakjat Indonesia ngrebut Irian Kulon saka tangane imperialisme Walanda. Sawise tudjuwan iku kagajuh, deweke kapengin mbangun nagarane dewe2 kanggo mungkasi kahanan kang sarwa kari lan mlarat. Kanggo ngajadi tudjuwan iki deweke uga pada mbutuhake padamen kang langgeng. Mula saka iku ngenani sasambungan internasional tumrap nagara2 iku mau, Partai Komunis mbudidaja supaya politik urip masjarakat kanti rukun iku bisa katindakake, jaiku : *kurmat-kinormatan ing bab wutuhing tlatah lan kawisesan, ora njerang, ora njampuri urusan sadjroning nagara nagara sidji lan sidjine, pada2 sadradjate lan pada genti nguntungake, sarta sadjedjeran kanti rukun.* Ing nagara2 iki padjuwangan kang tumudju marang padamen iku dadi sidji karo padjuwangan nglawan imperialisme, amarga angger isih ana imperialisme, bakal tansah ana pambudidaja2 kanggo mbalekake panguwasane kaum imperialis ana ing nagara2 tilas djadjahane. Gegandengan karo padjuwangan mbelani padameñ iku ana ing Lapuran Umum marang Kongres Nasional PKI kang kaping enem, Kawan Aidit medarake : "Sakabehing kakuwatan anti-kolonial, kakuwatan padjuwang2 padamen lan kakuwatan sosialis iku mudjudake front internasional kang djembar njumrambahi sakabehing nagara, kanggo ngadepi mungsuh sawidji, jaiku imperialisme dunja kang dibenggoli dening Amerika Sarikat".

Ana ing nagara2 imperialis dewe klas buruh lan Rakjat uga gemes karo peperangan lan sutresna padamen. Deweke wis nganti ambal kaping pindo ngalami kaprije pahit-getire lan sipat pangrusake babaja kang dituwuhake dening peperangan iku. Tekane saiki tataran uripe sangsaja mlorod lan padjeg2 kang dadi sanggane sangsaja abot. Iki mau amarga saka anane pambudidaja2-ne kaum imperialis kanggo njamektakake perang sarana nganakake militerisasi ekonomi. Ing nagara2 iki padjuwangane Partai2 Komunis kang tumudju marang Sosialisme ora bisa dipisahake karo padjuwangan kanggo padamen nglawan pasamektan perang, padjuwangan kanggo undaking bajaran lan ilange padjeg2 peperangan.

Mula saka iku ana ing sawidjining patemon ing Moskow rikala taun 1957 kang ditekani dening 12 Partai2 Komunis lan Partai Buruh saka ing nagara2 sosialis wis diputusake sawidjining Deklarasi antara lija njetakake : "Partai2 Komunis nganggep padjuwangan kang tumudju marang padamen iku kajadene ajahan kang luwih dening wigati. Deweke bebarengan karo sakabehing kakuwatan sutresna damai bakal mbudidaja kanti ngetog sakabehing karosan kanggo njegah peperangan.

Apa perang iku bisa ditjegah ?

Marxisme ngandarake manawa angger isih ana imperialisme, sumber ekonomi tumrap petjahe peperangan iku ana. Perang imperialis petjah djalaran nagara2 imperialis pada rebutan monopoli pasar lan barang2 bakal, rebutan nguwasani tanah2 djadjahan kang luwih djembar. Nanging bab iki ora kok ateges manawa peperangan iku sawidjining babaja kang ora bisa ditjegah. Perang Dunja kang I pantjen ora bisa ditjegah. Nalika samana kapitalisme isih dadi tatanan tunggal ing dunja. Imbangane kakuwatan internasional isih nguntungake pihak imperialis, mulane deweke isih bisa njuled peperangan tanpa ana sing ngalang-alangi. Kakuwatan klas buruh lan Rakjat kang sutresna damai ing saindenging dunja nalika samana durung sepiroa gedene, mulane ora bisa njegah utawa ngendegake perang dunja kang kapisan. Mung ing Rusia kakuwatan klas buruh lan Rakjat pakarja ngluwihi tinimbang kakuwatan reaksioner kang nduweni napsu perang. Ing kana klas buruh lan Rakjat kang dipimpin dening partai Komunis kalakon bisa nganakake Revolusi Sosialis Oktober Agung ana ing taun 1917, ngendegake peperangan lan mbangun Sosialisme.

Perang dunja kang kaping pindo uga petjah dadi perang imperialis, lan kakuwatan padamen dunja ora kaduga njegah. Djalaran nalika samana tatanan kapitalisme isih nguwasani perang kang gede dewe tumraping dunja iki, mangka tatanan Sosialisme lagi ana ing sanegara, jaiku Uni Sovjet. Dadi kakuwatane klas buruh lan Rakjat kang sutresna damai ing saindenging dunja isih meksa durung tjukup gedene kanggo njegah petjahe perang iki. Nanging kakuwatan iki wis tjukup ndajani kanggo ngowahi wataking peperangan. Luwih2 sawise Uni Sovjet melu perang. Marga saka pimpinanane Partai Komunis mula Rakjat sadunja bisa ngowahi wataking perang dadi perang Rakjat kang Demokratis nglawan fasisme. Saka peperangan iki wusanane lahir nagara Demokrasi Rakjat ing Eropa Wetan lan ing Asia, kang sabandjure nagara2 iki manunggal karo Uni Sovjet mudjudake kubu sosialis.

Saiki kakuwatan front internasional anti-kolonial lan sutresna dami wis ngungkuli kakuwatane imperialisme lan peperangan. Ana ing lapurane kang ditudjokake marang Kongres Nasional PKI kang kaping enem, Kawan Aidit ngandarake : "Saiki-iki meh 1.000 juta saka pandunung dunja urip ana ing nagara2 Sosialis, kang 700 juta ana ing nagara2 kang lagi bae mardika kang anti-imperialis kajadene Indonesia, India, Irak, Birma, Mesir, lan sapanunggalane, kang 600 juta lagi badjuwang kanggo ngrebut kamardikan nasionale nglawan imperialisme, lan mung kari 400 juta sing manggon ana ing nagara2 imperialis kajadene Amerika Sarekat, Inggris, Perantjis, Belgia lan Itali. lan sapanunggalane. Ananging saka sing 400

juta iki saperangan kang gede dewe lagi ngajadi adjuwang revolusioner nglawan imperialisme lan kapitalisme."

Kadjaba saka iku uga ana kakuwatan Rakjat demokratis kang sipate internasional : ing waktu iki Gabungan Sarekat buruh Sadunja (GSS) wargane ora kurang saka 160 juta ; Gabungan Pemuda Demokratis Sadunja (GPDS) sumebar ana ing 95 nagara lan wargane ana 87 juta ; Gabungan Wanita Demokratis Sadunja (GWDS) wargane 81 juta. Uga gerakan padamen mundak dina mundak kuwat lan djembar tebane. Gerakan iki njumrambahi wong2 kang sedje agamane lan kajakinan politike, kang uga warna2 kalungguhane, ana mahagurune, pangusaha2, lan djendral2, dadi gerakan iki dadi djembar banget tebane.

Dadi sanadjan ta ing dunja iki isih ana imperialisme, imbanan kakuwatan sing kaja mangkene iki bisa njegah paperangan iku. Nanging kita adja ngimpi-impi bisa nggajuh padamen jen imperialis ora kita lawan. Konperensi A-A ing Bandung nuduhake manawa padamen iku ora bisa dipisah-pisahake karo kamardikan. "Manifes Padamen"-e Partai2 Komunis lan Buruh sadunja kang diputusake dening patemon antarane tanggal 16 tumekane 18 Nopember 1957, uga mratelakake kang kaja mangkono iku. Dadi, jen saupamane Rakjat ing nagara2 Djepang, Korea Kidul, Turki, Irak, Kuba, Indonesia lan lija2ne ora nglawan imperialisme, wis mesti imperialisme saja kurang-adjat lan padamen bakal saja adoh. Nglawan imperialisme kanti konsekwen iku dadi sjarat mutlak kanggo nggajuh padamen. Ja iki tugase GBI ing waktu saiki.

Otote gerakan Rakjat progresif ing saindenging dunja iku Partai Komunis. Ing waktu saiki Partai Komunis lan Partai Buruh (Komunis) wis madeg ana ing 83 nagara lan wargane ora kurang saka 33 juta. Saka 33 juta kaum Komunis iku sing 1,5 juta manggon ana ing Indonesia. Bab iki ateges menahi tanggungjawab kang gede marang PKI supaya bisa menahi sumbañgan kang luwih gede sadjrone nindakake ajahan sadjarahe klas buruh, jaiku : mimpin kakuwatan Sosialisme lan demokrasi ing saindenging dunja kanggo mudjudake tjita2 Marxisme.

Njumurapi Revolusi Indonesia.

I. Bangsa Indonesia.

Indonesia iku dudu nagara tjilik, nanging nagara kang gede. Samono mau jen kawawas saka kehe djiwane pandunung lan saka djembaring tlatahing nagara.

Bangsa Indonesia kepetung bangsa gede sing nomer 6 tumraping dunja. Sing nomer sidji Tiongkok, nomer 2 India, nomer 3 Uni Sovjet, nomor 4 Amerika Sarekat lan sing nomer 5 Djepang.

Tjatjah-djiwane nalika tahun 1955 ana 84 juta, kang sumebar ana ing sa-pirang2 pulo, kajata ing pulo Djawa 54 juta, ing Sumatra 12 juta, ing Sulawesi 6 juta, ing Nusa Tenggara 5,5 juta ing Kalimantan bagejan Indonesia 3,5 juta, ing pulo2 Maluku 0,7 juta.

Indonesia iku nagara kapulowan kang madeg saka pulo2 gede lan tjilik kang ewon tjatjahe. Djembare tikel 54-e Nagara Walanda, tikel 5-ne Djepang lan tikel pindone Pakistan. Wiwit saka pinggir wetan dewe tumekane pinggir kang kulon dewe kira2 pada karo adohe pasisir wetan nganti pasisir kulone Amerika Sarekat.

Pulo2 Indonesia lemahe loh banget. Pulo Djawa malah kape-tung tanah kang eloh dewe ing dunja. Mula saka iku wiwit bijen mula ing nagara kita tegal-sawah wis akeh ditindakake.

Bangsa Indonesia iku bangsa kang dumadi luwih saka 100 sukubangsa. Apata sababe kok nganti kaya mangkono ?

Kira2 1.500 taun sadurunge Maszhi utawa kira2 3.500 taun kang wis kapungkur, bangsa Indonesia kang saiki durung ana ing Indonesia. Nalika samana luluhure bangsa Indonesia isih ngumbara ana ing tlatah lor, jaiku daratan Asia kang sisih kidul. Djalaran anane paperangan lan sebab2 lija kajadene kakurangan pangan, babaja alam, bandjir gede, lan lalara kang nular, mula luluhure bangsa Indonesia iku bandjur ninggalake daratan Asia, sarana migunakake prahu, kang saja suwe saja adoh. ngGone ngalih menjang ing pulo2 ing sisih kidul, tjarane kanti grudugan lan lumintu, lan lalakon kaya mangkono iku tumindak suwe banget. Wusanane wong2 iku pada sumebar ana ing sakabehing pesisir Indonesia.

Nanging nalika samana pulo2 Indonesia ora suwung, sabab ana pribumi "Asli". Pribumi "asli" iku ora gelem diesuk dening wong2 mantja kang pada teka saka tlatah lor iku. Ing sakawit pribumi "asli" iki nglawan. Jen katanding karo pribumi2 asli iku luluhure bangsa kita mau gagamane wis luwih sampurna. Deweke wis migunakake gagaman wesi kang sarwa landep, kaya dene tumbak, gandewa, panah lan sapanunggalane. Mangka pribumi "asli" gagamane mung tulup karo panah tjilik kang mawa wisa. Luluhure bangsa kita wis pada pinter nanandur, mangka pribumi "asli" uripe mung gumantung karo pametune alas.

Sawise ma-abad2 suwene, pungkasane pribumi "asli" lan kaum mantja kang pada naneka iku bisa urip babarengan. Dene sing tetep ora gelem urip babarengan pada mlaju menjang papan2 kang mentjil. Ing babagan iki ora ana prakara djadjah-djinadjah antara luluhur kita karo pribumi "asli", djalaran tekane para luluhur kita mau mung amarga kadereng saka butuh papan anjar kanggo ngles-tarekake uripe, djalaran ana ing panggonan lija wis kadesek.

Dadi, bangsa Indonesia kang saiki iki asal-usule sabrajat, tegese : bangsane, basane, lan kabudajane luluhur kita iku tunggal sabrajat saka daratan Asia kang sisih Kidul. Sawise tekan ing Indonesia uripe bandjur pada mrentja-mrentja miturut pulo2. Ana ing pulo2 iku isih kapisah-pisah maneh dening gunung2, kali2, lan rawa2 kang gede. Djalaran pisah kaja mangkono kang ma-abad2 suwene iku mula bandjur timbul sukubangsa2, kanti basa2, tlatah2 lan kabudajane dewe2. Kedjaba sukubangsa2 iku, ing sadroning bangsa Indonesia saiki ana unsure lija, jaiku katurunan mantja.

Prakara2 kang ngenani sukubangsa2 iki mung bisa dirampung-ake sarana politik hak pada2 tumrap sakabehing sukubangsa, ora preduli sukubangsa gede utawa tjilik. Soal warga nagara katurunan mantja mung bisa dirampungake sarana nindakake politik hak pada2 tumrap sakabehing warga nagara, ora preduli katurunan "asli" utawa katurunan mantja.

II. *Revolusi Indonesia.*

Sadurunge Revolusi Agustus 1945 Indonesia iku dudu nagara kang salawase didjadjah. Sadurunge didjadjah Walanda nagara kita iku mardika lan *mandireng pribadi*. Malah miturut sadjarahe, sadurunge kolonialisme Walanda iku kuwasa, nagara kita tau manunggal ing wawengkone sawidjining panguwasa, ana ing abad kang kaping 14, jaiku kawengku dening Kradjan Madjapahit kang agung lan kang duwe sasambungan kang raket karo Tiongkok lan India.

Ana ing taun 1596 kapal2 dagange Walanda teka ing Indonesia. Ana ing taun 1602 Walanda ngedegake maskape dagang kang didjenengake VOC. Taun 1800 VOC dioper dening pame-rintah Walanda, lan wiwit nalika iku Indonesia didjadjah dening nagara Walanda.

Nanging ora kabeh tlatah bisa ditelukake dening pandjadjah Walanda. Ana ing ngendi2 panguwasane Walanda mrangguli panglawane Rakjat, kajata perang ing Maluku nalika ing taun 1817 kang dipandegani dening Pattimura, perang ing pulo Djawa taun 1825 — 1830 kang dipimpin dening Diponegara, perang ing Minangkabau taun 1830 — 1839 kang dipimpin dening Imam Bondjol.

Dene perang ing Atjeh bisa "disirep" sawise tumindak kira2 sadjrone 40 taun terus-terusan, jaiku saka taun 1873 — 1913.

Kanti lahire nasion Indonesia wiwit awale abad kang kaping 20 panglawane Indonesia marang panguwasane Walanda owah sipate dadi panglawanan asipat nasional. Kaum buruh sepur ngedegake kumpulan SS Bond ana ing taun 1905, sabandjure mbangun VSTP (Perkumpulan Buruh Sepur lan Trem) ana ing taun 1908. Ana ing taun iki uga Budi Utama madeg, kang mratandani anane Panggregah nasional Indonesia. Sabandjure ana ing taun 1911 madeg Sarekat Dagang Islam Indonesia, kang ana ing taun 1912 mandjalna dadi Sarekat Islam. Ana ing taun 1914 ISDV (Perkumpulan Sosial Demokratis Hindia) diadegake, jaiku organisasi politik kang pisanan kaum Marxis Indonesia. Ana ing taun 1918 diadegake "Radicale Concentratie", kang mratandani madjune gerakan kamardikan nasional Indonesia.

Nalika tanggal 23 Mei 1920 ISDV ganti djeneng dadi Partai Komunis Indonesia (PKI). Sawise PKI madeg, gerakan nasional Indonesia sangsaja tjepet madjune. Sadjrone taun 1926 — 1927 kalakon anane pambrontakan Rakjat, kang mudjudake pambrontakan nasional kang kapisan. Sanadjan ora bisa nggajuh tudjuwane, nanging pambrontakan iku bisa ndeder kajakinan tumrap Rakjat Indonesia, manawa panguwasane pandjadjah Walanda bakal bisa dirubuhake.

Ing tahun 1928 lahir "Sumpah Pemuda", jaiku tekad pemuda Indonesia kanggo njatakake manawa duweni bangsa, basa lan tanah wutah getih sidji jaiku Indonesia.

Ing tahun 1933 petjah pemberontakan ing kapal perang Walanda "De Zeven Provinciën", sing dipimpin dening kelasi2 Indonesia lan Walanda.

Antarane taun 1942 tumekane madyane taun 1945 Indonesia didjadjah dening kaum militeris Djepang. Ora beda karo kaum pandjadjah Walanda, Rakjat Indonesia uga nganakake panglawan kang tanpa kendat marang Djepang.

Sarana proklamasi kamardikan tgl. 17 Agustus 1945 bangsa Indonesia ngumumake dadi bangsa kang mardika lan ngadegake sawidjining Republik kang demokratis. Republik Indonesia enggal nanggulangi serangane mungsuh, jaiku tentara Inggris lan Walanda kang dibijantu dening imperialis Amerika. Nanging perdjandjian KMB kang ditandatangani ana ing sadjrone sasi Nopember 1949 dening Hatta lan pihak Walanda kang didalangi dening imperialis Amerika dadi djalarane Indonesia ora mardeka 100% maneh, Indonesia dadi nagara satengah djadjahan. Tegese, Indonesia duwe hak mrentah awake dewe, nanging sumber kakajane kang penting2 lan urusan2 padagangan Indonesia saperangan gede isih dikuwasani dening imperialis Walanda.

Wiwit perdjandjian K.M.B. ditanda-tangani, P.K.I. wis nglawan lan ngadjak Rakjat nglawan perdjandjian sing kianat iku. Marga anane desekan2 kang tanpa kendat saka Rakjat iku mulane perdjandjian KMB dibatalake, jaiku ana ing kawitane taun 1956. Nanging pambatalan iki durung katindakake kanti tumemen. Pangoperan perusahaan2 Walanda nalika ing pungkasane taun 1957 kang klebu ana ing rerontjening padjuwangan mbebasake Irian Kulon iku nduweni makna kang wigati banget tumrap pambatalan KMB iki.

Kadjaba panguwasane imperialis Walanda, Amerika, Inggris, Kuomintang lan lijana ana ing babagan ekonomi, ing Indonesta uga isih ana tuwantanah2 kang ngisep kaum tani, nganti gawe mlarate saperangan gede dewe tumrape kaum tani.

Rakjat Indonesia saiki lagi badjuwang kanti tangguh kang tumudju kanggo nguwalake Indonesia saka sakabehing imperialis, supaya Indonesia dadi nagara kang mardika temenan, lan mbebasake kaum tani saka panindesane tuwantanah, kaya kang dimaksudake dening Revolusi Agustus 1945.

Kang dadi papalang tumrap padjuwangane Rakjat Indonesia iki jaiku *sakabehing imperialis*, kang luwih baku jaiku imperialis Walanda lan Amerika, *kaum komprador* (kang dadi bau sukune kaum imperialis), lan *kaum tuwantanah*. Imperialisme Walanda iku mungsuh kang nomer sidji tumrap Rakjat Indonesia, dene imperialis Amerika iku mungsuh kang luwih dening mbabajani. Ija papalang2 iki kang diintjer dening padjuwangane Rakjat Indonesia. *Papalang2 iki dadi mungsuhe Rakjat Indonesia, mula saka iku deweke dadi tudjuwan serangan lesaning revolusi Indonesia*. Sakabehing kakuwatane Rakjat Indonesia kudu ditudjokake marang sasaran2 iki.

Klas2 lan lapisan2 kang endi bae saka Rakjat Indonesia kang kaduga nglawan imperialisme lan feodalisme (kaum tuwantanah), kang kaduga badjuwang kanggo ngrampungake tuntutan2 Revolusi Agustus 1945 nganti tapis? Ngrembug bab iki ateges ngrembug kakuwatan2 kang njurung Revolusi Indonesia ing waktu iki.

Ing masjarakat Indonesia saiki ana klas2 utawa golongan2 pandunung kaya kang kasebut ing ngisor iki :

- a. *Kaum tuwantanah* : Kaya kang wis diterangake ing duwur iku kapetung kakuwatan kang ngalang2-i madjune Revolusi Indonesia. Dadi kaum tuwantanah dudu kakuwatan njurung Revolusi Indonesia.
- b. *Kaum burdjuis Indonesia* : Ana sing komprador (agen) tumrap imperialis, ana kang dudu komprador. Kang dadi kompradore imperialis kaya sing wis diandarake ing duwur iku dadi papalang tumrap revolusi. Kang dudu komprador kita arani burdjuasi nasional. Burdjuasi nasional watake ora adjeg, umume

nglawan imperialis lan tuwantanah, nanging mamang lan bisa uga ngianati Revolusi. Sanadjan burdjuasi nasional dudu kakuwatan kang njurung Revolusi, nanging kaum Komunis nduweni kuwajiban njurung kanti tjara apa bae supaja pada gelem babarengan karo kaum progresif nglawan imperialisme lan feodalisme.

- c. *Maneka warna burdjuis tjilik salijane kaum tani* : Umume kaum tani kalebu burdjuis tjilik. Nanging uga ana burdjuis tjilik salijane kaum tani, kajadene kaum mlarat kota kang ora adjeg pagawejane, kaum intelektual, sudagar2 tjilik, tukang2 kagunan tangan, kaum pakarja mardika, para misaja iwak lan sapanunggalane. Klas2 utawa golongan2 iki ditindes dening imperialisme, feodalisme lan burdjuasi, mulane deweke konsekwen mihak marang revolusi. Deweke dadi sakutune proletariat kang bisa dipertjaja.
- d. *Kaum tani* : Tjatjahe kaum tani iku 60% nganti 70%-e pandunung Indonesia. Kang kita maksudake kaum tani *bakune* jaiku kaum tani mlarat lan kaum tani sedeng, kang tumrap pandunung desa tjatjahe gede dewe. Golongan iki uripe ditindes dening imperialisme, feodalisme lan burdjuasi. Kaum tani dadi sakutu sing kena dipertjaja banget lan dadi perangan kang baku tumrap kakuwatan Revolusi Indonesia.

Kadjaba iku ana kaum tani sugih, kang bisa melu nglawan imperialisme lan bisa duwe sikep netral marang padjuwangan revolusioner nglawan tuantanah. Nanging kakuwatan iki dudu kakuwatan kang njurung revolusi.

- d. *Kaum proletar* : Ing Indonesia iku kaum buruhe kira ana 6 juta lan jen dietung nganti tekan kulawargane tjatjahe bisa nganti kurang luwih ndungkap 20 juta utawa meh 25%-e sakabeh ing pandunung. Papan njambutgawene kaum buruh Indonesia iku kajata : pangangkutan, pabrik, bengkel, pamelikan, palabuhan, industri tjilik lan kagunan tangan, pakebonan, pangalasan lan sapanunggalane. Kadjaba kaum buruh ing kuta lan ing desa kaja kang kasebut ing duwur iku, ing padesan uga ana buruh tani kang ma-juta2 tjatjahe, jaiku pandunung desa kang umume pada ora nduwe lemah lan piranti tatanen lan kang uripe saka adol tanaga karja ana ing desa.

Klas buruh Indonesia ditindes dening imperialisme, feodalisme, lan kapitalisme (burdjuasi) kanti daksija banget. Kahanan iki marakake klas buruh Indonesia nduweni sikep kang luwih kendel lan luwih tumemen ana ing sadjrone padjuwangan revolusioner katimbang karo klas2 liane. Klas buruh Indonesia duwe kwalitet kang betjik banget. Kagawa saka lapangan njambutgawene iku mau, klas buruh dadi klas kang kadisiplinane ora ana sing madani,

lan djalaran ora duwe alat2 produksi, deweke dadi klas sing konse-
kwen dewe adoh wawasane lan ora mentingake awake dewe.

Kanti andaran tjekak kaya kang kasebut ing nduwur iku tjeta
endi klas2 kang dadi pepalang lan endi klas2 kang dadi panjurunge
revolusi Indonesia. Kadjaba iku uga dadi tjeta endi klas2 kang wa-
take monga-mangu ing sadjroning Revolusi Indonesia. Mungguh
sing dadi papalange Revolusi Indonesia ana ing tataran sadjarab
saiki jaiku : imperialis, kaum komprador lan kaum tuwantanah.

Sing dadi panjurunge revolusi jaiku : klas buruh, kaum tani
lan burdjuasi tjilik (salijane kaum tani). Golongan iku kabeh uga
diarani : *Rakjat Pakarja*.

Dene sing ragu2 tumrap revolusi nanging uga bisa melu tjawe2
ana ing revolusi jaiku burdjuasi nasional.

Kabeh iku mau, jaiku kaum buruh, kaum tani, burdjuasi tjilik
lan burdjuasi nasional, kita arani : *Rakjat*.

Sadjroning padjuwangan nglawan tri-tunggal kang dadi
mungsuhe Rakjat, jaiku kaum imperialis, komprador lan tuwanta-
nah, proletariat Indonesia. kudu kaduga manunggalake kakuwatan
Rakjat sing sa-gede2-ne, 'kalebu kakuwatan burdjuasi nasional.
Manunggalake sakabehing kakuwatan Rakjat iku kita arani ngga-
lang front panunggal nasional, tegese nggalang kakuwatan tjatur
tunggal, jaiku kaum buruh, kaum tani, burdjuasi tjilik lan burdjuasi
nasional.

Kakuwatan tritunggal iku kakuwatan anti-nasional sing
sangsa ringkih. Kosokbaline, kakuwatan tjaturtunggal iku kaku-
watan nasional kang mundak dina mundak kuwat. Kakuwatan tri-
tunggal bakal adjur lan musna, dene kakuwatan tjaturtunggal terus
ngrembaka.

Tjekake, kita wadjib mbudidaja murih menange tjaturtunggal
lan ngalahake tritunggal iku. Iki mau dadi sjarat kanggo ngram-
pungake tuntutan2-e Revolusi Agustus 1945 nganti sing tapis. Iki
ateges njirnakake imperialisme lan feodalisme nganti tapis, kang
iki mau minangka landasan tumudju marang Sosialisme lan Ko-
munisme. Kabeh warga PKI kudu ngeerti perkara kang baku tumrap
revolusi Indonesia, jaiku mahami *teorine PKI ing babagan Revolusi
Indonesia* lan kudu melu gijāt nindakake tugas2-e kang sutji, njan-
tosakake kanti tanpa ana kendate front panunggal nasional lan
Partai Komunis Indonesia.

Gagaman

Kita Front Panunggal Nasional.

Sawenehing ajahane PKI sing baku jaiku nggalang fron panunggal nasional anti-imperialis kang alelandesdn pasekutone buruh lan tani anti feodal sarta dipimpin dening klas buruh.

Dene sasantine fron panunggal nasional, jaiku sasanti kang tumudju menangkake tuntutan2-e Revolusi Agustus 1945 sing nganti tapis. Luwih akeh wong2 kang paham marang sasanti fron panunggal iki, luwih betjik.

Samangsa kita duwe pangerten kang bener lan migunakake gagaman kita fron panunggal nasional iku kanti tumemen, kena dipastekake manawa kita bisa ngrebut kemenangan2 ing sadjroning padjuwangan lan tudjuwane revolusi mesti bisa kagajuh.

Bab kang kaja mangkono iku wis diwedarake kanti widjang ana ing Programe PKI kaja mangkene :

"Rakjat Indonesia bakal kaduga mbangun sawidjining pamentahan Demokrasi Rakjat kang bakal nindakake program Demokrasi Rakjat lan mimpin Rakjat tumudju marang kemenangan, mung jen ana fron panunggal nasional kang dibangun sarana landasan pasakutone buruh lan tani, lan dipimpin dening klas buruh lan fron iku mau dumadi saka gerakan Rakjat kang sa-djembar2-e lan saka padjuwangan revolusioner-e massa."

I. Wigatine fron panunggal nasional

Mungsuh2 kita jaiku tritunggale imperialis, komprador lan tuwantanah.

Imperialisme, kajadene imperialis Walanda, Amerika lan Inggris, isih manggrok ana ing Indonesia. Deweke isih nguwasani pamelikan, 'kebon2, alat2 pangangkutan, bank2 lan sapanunggalane. Deweke isih ngebroki Irian Kulon, tansah nindakake gerakan subversif lan isih terus mbijantu grombolan pambrontakan "PRRI-Permesta", lan DI-TII ing babagan warna2. Deweke uga isih nduweni prabawa kanti utawa tanpa lumanjar ing komprador-e ana ing babagan politik lan kabudajan.

Panindese imperialis iku panindesan tumrap kabeh Rakjat Indonesia, dadi ora mung tumrap klas buruh bae, nanging uga tumrap kaum tani lan burdjuasi tjilik. Kaum burdjuis nasional uga dirugekake dening imperialisme. Mula saka iku, manunggale kabeh kakuwatan nasional iku penting banget lan perlu kanggo nggajuh kabebasan, uwal saka panindese imperialisme. Imperialisme bisa dikalahake jen kita nggalang fron panunggal nasional, jaiku fron panunggal antarane kaum buruh, kaum tani, burdjuasi tjilik lan burdjuasi nasional.

Kadjaba imperialisme lan kaum komprador, jaiku kaum burdjuis Indonesia sing dadi bausukune kaum imperialis lan uripe gumantung marang pitulungane kaum imperialis, uga isih ana mungsuh kita lijana, jaiku feodalisme. *Panindesan lan pangisepan* feodal iku *panindesan lan pangisepan* kang katindakake dening tuwantanah. Ana ing padesan kaum tuwantanah iku pada nguwasani lemah, njewakake lemahe marang kaum tani lan narik sewan tanah tjara feodal kang warna2 wudjude, kajata sewan tanah kang awudjud asil-bumi kanti tjara maro, mertelu, lsp., sewan tanah kang awudjud gawe rodi lsp., utang kang anakane duwur banget lsp. Dadi kaum tuwantanah iku bisane urip marga saka kangelane lan kringete kaum tani, luwih2 kaum tani mlarat lan buruhtani ing padesan. Kadjaba saka iku kaum tuwantanah iku dadi sendejane kaum imperialis ana ing Indonesia.

Dadi, kanggo ngrubuhake mungsuh2 kita, jaiku imperialis, komprador lan tuwantanah, klas2 sing duwe kapentingan tumrap kamardikan nasional kang sedjati lan demokratis, kang anti-imperialis lan anti-feodalisme, jaiku patang klas, kaum buruh, kaum tani, burdjuasi tjilik lan burdjuasi nasional kudu disawidjekake ana ing fron panunggal nasional. Ja klas2 iki kang minangka kakuwatan sing saguh lan kaduga nglawan kakuwatan kaum imperialis lan feodal. Manunggal kabeh kakuwatan nasional iku sjarat kang tan kena ora kudu diwudjudake kanggo ngrampungake *tuntutane* Revolusi Agustus 1945 nganti tapis.

II. *Pasekutone buruh lan tani minangka dasaring Fron Panunggal Nasional.*

Kaum buruh lan kaum tani (kang dikarepake jaiku kaum tani mlarat lan tani sedeng) sarta klas burdjuis tjilik iku umume klas pakarja lan dudu pangisep. Dene klas burdjuis nasional iku klas pangisep lan dudu klas pakarja.

Pada dene klas pakarja, kaum buruh lan kaum tani sarta burdjuasi tjilik umume ngalami tindesan kang akeh dewe saka imperialisme, komprador lan feodalisme. Mulane deweke banget nggone duwe kapentingan tumrap ilange imperialisme, komprador lan feodalisme.

Antarane klas buruh lan kaum tani karo klas burdjuis nasional, — jaiku antarane klas pakarja karo klas pangisep — wis samestine jen ana kapentingan2-e sing tjatjengkahan.

Nanging kadjaba ana kapentingan2-e kang tjengkah, uga ana kapentingan2-e kang pada, luwih2 sadjrone nglawan kaum imperialis asing.

Program Partai ngandarake mangkene :

"Pasekutone buruh lan tani dadi dasar — landesane padjuwangan

Rakjat, deweke dadi pantjadan tumrap padjuwangane kabeh Rakjat sadjrone nglawan mungsuh² mantja. Mula, kanggo nanggung kamenangane Rakjat, dalane ora ana lija kadjaba mbangun pasekuton antarane buruh lan tani, pasekutone padjuwang² kang ngerti, giat lan ka-organisasi”.

Tanpa nggugah lan ngorganisasi kaum tani, jaiku 60% — 70%-e pandunung, langka kita bisa omong bab kamenangane Rakjat.

mBangun pasekuton antarane klas buruh lan kaum tani iku mau dadi ajahane klas buruh, luwih² kaum Komunis. Ora lija ja kaum buruh kang nduweni ajahan nggugah lan ngorganisasi kaum tani. Iki ateges mbijantu lan mimpin padjuwangane kaum tani nglawan feodalisme supaja oleh panduman lemah utawa tuntutan² bagajan sabendinane, kajadene tuntutan² gerakan 6 : 4, gerakan ngedunake sewan tanah lan ngedunake anakan, gerakan ngedunake padjeg, nglawan gawean paksan, lsp, lsp.

Dadi njambutgawe ana ing kalangane kaum tani, jaiku ana ing kalangane perangan sing gede dewe Rakjat Indonesia, ateges ngraketake pasekutone buruh lan tani. Ja mung sarana dalan iki kita bisa nguwatake padjuwangan anti-feodal lan nguwatake manunggaling kalangane kaum tani dewe.

Pangalaman ing sadjrone Revolusi Agustus 1945 awèh pituduh, manawa nalika samana perangan sing gede dewe saka kaum tani iku durung kagendeng melu ambjur ana ing madyaning revolusi. Nalika samana pesekutone buruh lan tani durung kabangun, kang tundone revolusi dadi gagal.

mBangun pasekuton antarane buruh lan tani iku sawidjining sjarat kang ora kena ora kudu ditindakake, ora mung kanggo padjuwangan anti-feodal bae, nanging uga minangka dasar-lalandesaning padjuwangan anti-imperialis. Ija iki sebabe mula pasekutone buruh lan tani iku dadi dasar tumrapping front panunggal nasional.

III. *Klas buruh kudu mimpin front panunggal nasional.*

Klas buruh iku klas sing anjar dewe tumrapping sadjarah, adoh wawasane, ora mentingake awake dewe, manunggal, konsekwen lan disiplin.

Papan njambutgawene kaum buruh iku marakake deweke duwe djenis² kang sarwa betjik banget iku. Pabrik² kapitalis marakake kaum buruh njambutgawe kolektif lan disiplin. Lan kagawa saka ora ndarbeni piranti produksi, sadjrone padjuwangan klas buruh ora mentingake awake dewe, ora wedi jen bakal kelangan apa² lan konsekwen.

Klas buruh Indonesia ditindes lan diisep dening imperialisme (burdjuis mantja), feodalisme lan kapitalisme (burdjuis nasional) kanti kedjem banget. Ija kahanan2 iki kang gawe luwih konsekwene lan *dadage*, uga luwih *tumemene* klas buruh Indonesia ana ing sadjroning revolusi katimbang karo klas2 lijana.

Sabandjure kita kudu ngelingi, manawa revolusi Indonesia iku revolusi burdjuis demokratis gagrag anjar utawa revolusi Demokrasi Rakjat kang katudjokake kanggo nglawan imperialisme, kaum komprador lan feodalisme.

Revolusi Indonesia kang kaya mangkono iku ora bakal bisa nggajuh kemenangan jen ora dipimpin dening klas buruh. Ajahan kanggo mimpin Revolusi Indonesia ora bisa lija kadjaba dadi sanggane klas buruh.

Kanti pimpinan ana ing tangane klas buruh kemenangan kang sampurna gerakan utama revolusi nasional Indonesia dudu masjarakat kapitalis lan nagara nasional kang mardika kanti pangajomane panguwasane burdjuasi, nanging masjarakat demokrasi gagrag anjar lan nagara nasional kang mardika kang ingajoman dening panguwasane sakabehing klas kang revolusioner babarengan.

Supaja klas buruh bisa mbengkas ajahan sadjarahe, jaiku mimpin Revolusi Indonesia, Programe PKI awew pituduh kaya mangkene: "Klas buruh kudu mlopori *padjuwangane* Rakjat kabeh. Kanggo nggajuh tudjuwan iku klas buruh dewe kudu luwih aktif, ndidik awake dewe lan dadi kakuwatan kang gede lan sedar. Klas buruh ora mung nindakake padjuwangan kanggo mbetjikake uripe, deweke uga kudu nindakake ajahan kang luwih akeh lan duwur. Deweke kudu mbijantu padjuwangane klas2 lijana, klas buruh kudu mbijantu padjuwangane kaum intelegensija kanggo nggajuh hak-hake kang baku, padjuwangane burdjuasi nasional nglawan djor-djoran mantja, padjuwangane sakabehing Rakjat Indonesia kanggo nggajuh kamardikan kang sampurna lan kabebasan demokratis. Rakjat bisa nggajuh kemenangane mung jen klas buruh wis dadi kakuwatan kang bebas, ngerti, mateng ing babagan politik, ka-organisasi lan kaduga mimpin padjuwangane sakabehing Rakjat, ija mung jen Rakjat wis nganggep klas buruh iku dadi pemimpine".

Supaja klas buruh bisa dadi kakuwatan kang gede lan ngerti klas buruh kudu mampeng nggalang manunggaling kalangane kaum buruh, nggugah kaum buruh supaja nganakake aksi2 babarengan nglawan mungsuh2-e revolusi.

Sarehne kakuwatan kang gede dewe tumrap revolusi Indonesia iku kaum tani, mula kuwadjibane kang kapisan lan kang baku banget tumrap klas buruh kang mimpin revolusi, jaiku kudu bisa nggendeng kaum tani dadi sakutune ana ing fron panunggal nasional.

Supaja bisa kasil temenan nggone narik kaum tani dadi saku-tune klas buruh, tegese : supaja pasakutone buruh lan tani iku bisa maudjud, perlu anane kader2 Komunis kang akeh kang njambutgawe ana ing desa, kader2 Komunis kang ngerti temenan ing babagan gagandengan lemah ing desa lan tuntutan2 kang wis ndesek banget tumrap kaum tani. Kanti tjara mangkono iku kader2 Komunis bisa mbijantu lan mimpin gerakan lan aksi2-ne kaum tani.

Kadjaba saka iku, sadjrone nggalang front panunggal nasional klas buruh uga kudu duwe sikap kang maton ngenani soal agama lan sukabangsa.

Sarehne isih ana kapertjajan marang agama kang mawarna-warna, mula ndjaga supaja agama adja nganti dianggo alasan kanggo metjah manunggale Rakjat iku dadi prakara kang penting.

Ngelingi sukubangsa ing nagara kita kang sa-pirang2 tjatjahe iku, budidaja supaja nuwuhake sasambungan2 kang betjik lan panunggale kang gembleng antarane sakabehing sukubangsa iku uga klebu bab kang wigati. Nindakake dasar hak pada2 lan dasar kurmat-kinormatan antarane sakabehing sukubangsa tanpa mawas gede-tjilike uga dadi sjarat sadjrone nggalang fron panunggal nasional. Dasar iki uga kudu katindakake tumrap golongan minoritet katurunan mantja, kajadene Arab, Tionghwa, Eropa lsp. jaiku prinsip hak pada2 tumrap warganagara tanpa mawas asal-usul katurunane, sukubangsa, kajakinan utawa kapertjajan.

• Wose fron panunggal nasional iku panunggale klas buruh lan kaum tani ing sapehak lan karo burdjuis nasional ing pehak lijane. Ing antarane klas2 kang kasebutake ing duwur iku ana kapentingane sing pada, nanging uga ana kapentingane sing tjengkah. Dadi, ana ing sadjrone fron panunggal nasional iku uga ana padjuwangan, kang kudu katindakake lan nggone nindakake iku kanti ana wawatesan2-ne, supaja panunggal kanggo nglawan pada2 mungsuhe klas2 iku, jaiku imperialisme, komprador lan feodalisme bisa tetep lestari. Pokok kaja mangkono iku kang diarani pokok "*manunggal lan badjuwang*" ana ing fron panunggal nasional, tegese manunggal kanggo nglawan mungsuh2-e Rakjat lan *badjuwang* tumrap watak klas burdjuis nasional kang mangro tingal.

Kanti nindakake pokok "*manunggal lan badjuwang*" iku klas buruh bisa ndjaga kabebasanane ana ing fron panunggal nasional.

Mung sarana fron panunggal nasional kang sjarat2-e kaja kang wis katjeta ing duwur iku kakuwatan Rakjat bisa digugah, dimobilisasi lan diorganisasi sing sa-gede2-ne supaja bisa nglawan lan ngalahake kaum imperialis, komprador lan tuwantanah. Mung sarana gagaman kita — fron panunggal nasional — kang kaja mangkono iku kita bisa menangake tuntutan2-e *Revolusi Agustus 1945 nganti tapis*.

PKI — Ploporing revolusi kita.

Lahire PKI.

PKI diadegake nalika tgl. 23. Mei 1920. Partai Komunis Indonesia lahir sawise ing Indonesia :

- a) ana klas buruh ;
- b) ana sarekatburuh2 ;
- c) ana organisasi politik PSDH (Perhimpunan Sosial Demokrasi Hindia) sing njebar Marxisme ana ing kalangane kaum buruh lan Rakjat Indonesia ; lan
- d) sawise Revolusi Sosialis Oktober Agung ing Rusia, nalika ta-hun 1917, kang nggugah proletariat lan Rakjat pakarja sain-denging dunja kanggo ngrubuhake panguwasane imperialis.

Uga Rakjat Indonesia dadi jakin menawa Rakjat bisa nundung kaum kolonialis Walanda, bisa njirnakake feodalisme, lan manawa Rakjat bisa kuwasa.

Sadurunge PKI lahir, Rakjat Indonesia, luwih2 kaum tani, wis kerep brontak nglawan panguwasane kaum pandjadjah Walanda. Nanging pambrontakan2 iku tansah kalah, amarga ora teratur, mentjar2 lan ora dipimpin dening klas kang madju dewe, jaiku klas buruh. Padjuwangan kaum tani iku mau ora nganggo paugeran teori padjuwangan kang revolusioner. Bareng PKI lahir, padjuwangane Rakjat Indonesia nglawan pandjadjahane Walanda wiwit nganggo wawaton, lalandesan elmu revolusioner, jaiku Marxisme. Mulane wiwit lahire PKI, padjuwangan Rakjat Indonesia sangsaja ngedab-edabi, luwih ka-organesasi lan nduweni lesan.

Sanadjan PKI iku dadi Partai politike klas buruh Indonesia, Partai iku ora mung mbela kapentinganane klas buruh bae, nanging kanti setya badjuwang mbela kapentingan2-é sakabehing Rakjat Indonesia. Padjuwangane Rakjat Indonesia sing disik2 diterusake lan disampurnakake, mulane PKI dadi warise kang absah tumrap Rakjat Indonesia kang ulet.

Apata tudjuwan padjuwangane PKI

PKI badjuwang kanggo ngrubuhake panguwasane imperialis lan njirnakake feodalisme saka bumi Indonesia. Ing ruruntuhan imperialisme lan feodalisme iku, sarana ngliwati mangsa alih2an, jaiku Demokrasi Rakjat, PKI duwe tudjuwan ngedegake sawidji-ning masjarakat kang tanpa kamlaratan maneh, masjarakat kang ing salawase ora bakal ana maneh pangisepan lan panindesan manungsa sidji tumrap lijane, jaiku masjarakat sosialis lan Komunis. Ija iku mau sing dadi idam2ane PKI. Supaja gagajuhan luhur iku bisa kawudjudake, mula warga lan tjalon warga PKI kabeh pada sijaga badjuwang lan kurban, sijaga njerahake uripe. Tumrap kita ora ana pagawejan lan pangurbanan kang abot kanggo mudjudake Komunisme ing Indonesia.

Supaja bisa nandangi ajahane iku PKI kudu gede lan santosa. Nanging PKI bisa gede lan santosa mung jen deweke kaduga manunggalake kabeh Rakjat Indonesia kang anti-imperialisme. Mula saka iku PKI duwe kuwadjiban : ngorganisasi lan manunggalake kaum buruh, kaum tani lan para misaja iwak, kaum intelektual, pangusaha tjilik, pangusaha nasional, warganagara katurunan mantja, sakabehing sukubangsa lan sakabehing tenaga anti-imperialis, manunggalake kabeh golongan iku ana ing fron panunggal nasional kang anti-imperialis. Sabandjure supaja bisa njirnakake feodalisme, PKI kudu bisa nggalang fron anti-feodal kang kuwat. Kanggo tudjuwan iki PKI kudu bisa nggalang lan kaduga mimpin pasakutone antarane klas buruh lan kaum tani kang dadi perangan sing gede dewe tumrapping pandunung lan gede dewe kapentingane nglawan panindesan tuwantanah. Ija pasakutone kaum buruh lan kaum tani iki sing dadi landesane front panunggal nasional kang anti imperialis. Sakabehing pagawejan mbangun Partai iku tudjuwan jaiku supaja PKI kaduga nindakake ajahan iki.

Dasar2 ideologine Partai.

Bareng karo lahire kapitalisme uga lahir rong klas anjar ana ing masjarakat, jaiku klas burdjuis lan klas proletar. Klas iki loro2-ne nduweni sipate dewe2 kang salaras karo kalungguhane ana ing masjarakat. Kaum burdjuis nduweni sipat anti feodal lan pangan-djur sing kuwat tumrap sistim masjarakat kapitalis. Angger deweke isih setya karo sipate kang anti-feodal kaum burdjuis iku ija madju. Nanging watake kang murni dewe ditemtokake dening wawasan uripe kang lalandesan hak milik pribadi. Dadi deweke iku individualis banget (mentingake banget marang awake dewe), nglunguhake kapentingane dewe ngluwih sakabehing bab, sanadjan ta nganti kudu ngorbanake kapentingane Rakjat kang sa-pirang2 tjatjahe iku. Klas burdjuis iki babarengan karo klas tuwantanah dadi klas panindes sing baku dewe ana ing masjarakat.

Pabrik2 kang moderen nglahirake kaum buruh kang moderen, jaiku kaum buruh kang ora nduweni sarana produksi lan kapeksa ngedol tenagane marang kaum kapitalis.

Ana ing masjarakat kaum buruh iki duwe kalungguhan kang kusus jeng katimbang karo Rakjat pakarja lijane. Pagawejan2 ing pabrik2 kang gede iku nglumpukake kaum buruh, ndisiplin lan ngulinakake kaum buruh marang organisasi. Panguripan ing pabrik iku menahi marang kaum buruh wawasan kang djembar lan luwih madju katimbang karo klas2 lijane. Pambudidaja2-ne madjikan kanggo mbangetake pameresan marang buruhe, marakake kaum buruh modern tansah badjuwang nglawan panindesan2 kang tumanduk ing klase, lan marakake deweke dadi ulet. Miturut pa-

ngalaman2-e, kapentingane wong sidji2-ne iku ora bisa kapisahake karo kapentingane klase kabeh. Mulane klas buruh duwe semangat kolektif kang kuwat lan solidaritet proletar kang duwur.

Ija iki djalarane, geneja klas buruh iku duwe ajahan sadjarah dadi djuru kubure kapitalisme lan djuru-tjiptane masjarakat anjar, jaiku masjarakat Komunis. Supaja bisa nglaksanani ajahan sadjarah iki kaum buruh mung duwe piranti sidji, jaiku organisasi. Nanging organisasi iki mesti kudu diatur sing sa-sampurna2-e supaja bisa ngadepi mungsuh sing kuwat lan kuwasa banget iku. Sawise oleh pangalaman2 kang ma-warna2, pungkasane klas buruh ngedegake partai politike kang mudjudake organisasine kang sampurna dewe, kang duwur dewe lan kaduga mimpin sakabehing organisasi2 panglawan lijane tumrap klas buruh. Karl Marx lan Fridrich Engels iku kang ngadegake partai klas buruh iki, jaiku Partai Komunis.

Partai Komunis iku dibangun sakabehe lalandesan marang wawasan urip lan sipat-2 klas buruh kang revolusioner. Ija iki sing dadi dasare ideologine Partai iku. Mula saka iku ana ing sadjroning Partai Komunis ana disiplin wadja kang kuwat kang wutuh saka pangerten kang ikhlas; ana tjara mimpin kang kolektif kang dikanteni tanggungjawab pribadi. Mangkono uga Partai Komunis duwe wawasaan kang adoh, kang revolusioner, duwe wawasan prelune ngrombak kabeh masjarakat lawas kang ing kono peranganane pandununge kang tjilik dewe jaiku kaum kapitalis lan tuwantanah nguwasani lan nindes perangan sing akeh dewe saka pandunung, jaiku Rakjat pakarja. Ideologi Partai ngudokake supaja saben Komunis nduwe semangat kang ora mentingake awake dewe lan mung mentingake kapentingan umum, lan ngluwih saka bab2 lijane ndjaga panunggal sadjroning Partai kang didasarake marang manunggale pikiran lan manunggale ideologi, jaiku ideologi proletar, lan ngalahake ideologi burdjuis, ideologi tuwantanah sarta ideologi burdjuis tjilik. Mungsuh sing baku dewe tumrap ideologi Komunis jaiku individualisme utawa ideologi mburu kapentingane dewe.

Dasar2-e orgonisasi Partai

Sarana njinau pangalaman2-e gerakan buruh Indonesia lan pangalaman2-e gerakan buruh sadunja kang akeh banget iku, luwih2 pangalaman2-e Partai Komunis Uni Sovjet, Partai Komunis Tiongkok lan Partai2 Komunis lijane, kaum Komunis Indonesia ngadegake Partaine miturut tipe Lenin. PKI kang dibangun miturut adjaran2-e Lenin iku mesti kaduga mimpin Rakjat Indonesia kanggo menangake tuntutan2- Revolusi Agustus 1945 nganti tapis lan mesti kaduga mbangun Sosialisme lan Komunisme ing Indonesia.

Tjirine sing baku ana ing babagan organisasi tumrap Partai tipe Lenin jaiku kaya kang kasebut ngisor iki :

a. *Partai ditata kanti landesan pokok2 sentralisme-demokratis :*

Sentralisme-demokratis iku tegese sentralisme sing landesan demokrasi lan demokrasi kang ingajoman dening pimpinan kang dipundjerake. Ija aturan kang kaya mangkene iki kang nanggung lestarine panunggal kang gembleng ana ing sadjroning Partai antarane pimpinan lan kang dipimpin, manunggale antarane Komite nduwuran lan Komite ngisoran lan antarane Komite lan massa warga.

Sentralisme kang landesan demokrasi iku ateges manawa sakabehing pimpinan Partai dipilih kanti demokratis. Mula saka iku saben badan pimpinan oleh kapertjajan saka warga2 saengga pimpinan iku nduwe kawibawan kang temenan. Kadjaba saka iku uga ateges manawa sakabehing putusan Partai kudu ditindakake tanpa sjarat ; perangan kang tjatjahe setitik kudu nungkul marang sing tjatjahe akeh dewe ; organisasi Partai ngisoran nungkul marang organisasi Partai nduwuran lan sakabehing organisasine Partai nungkul marang Konggrès Nasional Partai lan Komite Central.

Demokrasi kang tumungkul marang pimpinan kang mundjer iku ateges manawa saben ing organisasi Partai pimpinan kolektif kudu djumbuh karo tanggungjawab pribadi. Sarana tjara mangkono iku warga kadjurungake supaya mekarake dasare lan ngundaki rasa tanggungjawab ; pikiran2 kang madju lan pambudidaja2 kang tumudju kanggo ngabdi marang Rakjat iku oleh pandjurung ana ing sadjroning Partai. Nanging kosokbaline, pikiran lan pambudidaja reaksioner kang gawe kapitunan marang padjuwangan Rakjat ora diwenahi papan ana ing Partai. Mula saka iku demokrasi ana ing sadjroning Partai tansah dipimpin dening ideologi proletar kang nduweni tudjuwan nglawan mungsuh-mungsuhe Rakjat. Ana ing sadjroning Partai Komunis ora ana panggonan kanggo demokrasi kang tudjuwane ndisikake kapentinganane awake dewe katimbang karo kapentinganane Partai. Prinsip sentralisme-demokratis iki nanggung supaya hak lan kuwajiban warga dituhoni ; kadjaba iku uga wutuhing barisan Partai kanggo ngadepi samubarang gawe bakal bisa kaleksanan. Mula saka iku nradjang patokan2 kang baku iki bisa mahanani kapitunan kang gede tumrap panunggal ing sadjroning Partai.

b. *Disiplin kang kuwat.*

Kuntjine kakuwatan Partai dumunung ana ing anane panjawidji kang gembleng lan mundjer. Jen badan pimpinan iku manunggal, wis mesti sing dipimpin gampang kapimpin lan sabandjure tuwuh grengsenging kakarepan njambutgawe kang bakal mahanani asil2 kang betjik. Sarana anane Partai Komunis Indonesia kang

manunggal gembleng, panunggal ing antarane Rakjat Indonesia gampang diwudjudake. Kosokbaline, jen ing sadjrone pimpinan Partai ana sing tjrah, sing dipimpin dadi ragu2, lan sabandjure nuwuhake kahanan sarwa lesu kang marakake Partai dadi meneng, lan manunggaling Rakjat dadi rusak.

Mula saka iku kuwadjiban sing baku dewe tumrapping saben warga Partai jaiku ndjaga lan tansah njantosakake panunggal ing sadjrone Partai. Saben ana tanda2 bakal anane tjrah, bibit anti-Partai lan tanda2 anti-pimpinan kudu dilawan. Kabeh Komite lan kabeh warga kudu nungkul marang garis politik lan garis organisasi Partai.

Apata saranane Partai kanggo nglawan panjlewengan2 lan kanggo ndjedjegake panunggal kang gembleng iku? Saranane jaiku disiplin sing kuwat ora mbedak-mbedakake tumrap sadengah warga.

Sing ditudju dening disiplin kaja mengkono iku mau jaiku supaja sadjrone Partai ora ana politik kang nguwasani kadjaba politike klas proletar, ora ana ideologi kang nguwasani kadjaba ideologi proletar. Sapa bae sing nerak kudu ditibani disiplin. Nanging uga tjeta manawa ora bakal ana wong sidji bae kang tumindak sasenenge dewe nibani disiplin marang warga lija, ora kena sawidjining Komite tanpa alasan kang tjukup nibakake disiplin tumrap warga Partai. Dadi sing diudi dening disiplin Partai iku kasetyane marang program, marang politik lan marang Konstitusi Partai, sing wis ditampa dening para warga sarana kajakinan lan kanti ichlas. Dadi, tjeta manawa disiplin wadja ana ing sadjrone PKI iku dasare dudu paksan, nanging pangerten. Tumindak kanti pangerten iku sawidjining kabebasan.

c. *Garis massa.*

Partai Komunis iku Partai Marxis revolusioner sing ulet lan kang dipundjerake. Watake Partai Komunis kang revolusioner lan ulet iku bisa diwudjudake lan dilestarekake mung jen Partai iku raket sasambungan karo massa. Mula saka iku kaum Komunis tansah ngetrapake pamikiran marang massa, kabeh kagijatan lan landesan marang garis massa.

Garis massa iku didasarake marang panemu manawa sing dadi djuru tjipta sadjarah iku massa Rakjat pakarja, dudu sidji-sidjine wong utawa pemimpin. Mula saka iku kaum Komunis nduweni kaptjajan kang tanpa wangenan marang Rakjat pakarja, marang kadigdajane, marang kakuwatane lan marang daja tjiptane. Tanpa Rakjat Indonesia PKI iku ora duwe makna apa2, nanging jen babarengan karo Rakjat PKI bisa tumindak apa bae kanggo menangake Revolusi. Mungsuhe garis massa Partai kang baku iku ana loro :



Kapisan jaiku main prentah (prentahisme utawa komandoisme). Prentahisme nuduhake ora manunggale pimpinan karo massa sing dipimpin, nuduhake manawa putusan Partai ora dingerteni lan dijakini kabenerane dening massa kang kudu nindakake. Mula saka ika prentahisme ora prelu ana lan kudu dilawan.

Kapindo main mbuntut (buntutisme). Jen nganti ana kahanan kang kaja mangkono, iki ateges manawa Partai ditinggal dening massa ana mburi, jen nganggo tembung lija, massa sing mimpin Partai lan dudu Partai kang mimpin massa, utawa massa wis gelem madju nanging Partai ngalang-alangi. Dadi kanti tjara kang kaja mangkono iku ninggal kalungguhane dadi pemimpin. Mula saka iku buntutisme ora prelu ana lan uga kudu dilawan.

Apa jen mangkono kabeh rasane lan pikirane Rakjat iku wis mesti bener lan Partai mung kari nurut bae? Ora. Pikiran-pikiran, rasa, lan panemu2-ne Rakjat iku sipate isih satugel2 salaras karo pangalamane dewe2, dadi ora sampurna. Mula saka iku pikiran, rasa lan panemu2 iku kudu dikumpulake bandjur diolah kanti tjara Marxis-Leninis. Asile pangolahan iku mengko sing bakal nuduhake sumber2 lan sasambungan2-e pikiran2 iku nganti pungkasane bisa digawe papunton kang objektif kang ora abot sih. Ija papunton iku kang diolah dadi sasantine Partai, lan sarehne sesantine Partai iku bener, mulane ditampa dening Rakjat lan didadekake sasantine dewe.

Kaja mangkono mungguh tjara lakune njambutgawe Partai :
"Saka massa bali marang massa."

d. *Kritik-selfkritik.*

Ing saben organisasi Partai kudu diuripake kritik-selfkritik. Iki sawenehing tjara kanggo luwih mbetjikake barang kang wis ditindakake kanti betjik lan kanggo mbenerake barang2 kang kleru. Djalaran ora ana wong kang bisa luput babarpisan saka tumindak kleru.

Tudjuwane padjuwangan kaum Komunis ing Indonesia iku ngrombak masjarakat satengah djadjahan lan satengah feodal iki dadi mardika sing sampurna lan demokratis lan sabandjure dadi masjarakat sosialis. Bareng karo owah2an kang dialami dening masjarakat iku manungsa uga ora bakal bisa ontjat saka ananing owah2an iku. Dadi antarane owah2an kang dialami masjarakat lan owah2an kang dialami dening pikirane manungsa iku pada dene dajan-dinajan kang tumudju marang kamadjuwan.

Sarehne PKI iku pemimpin Rakjat, kaum Komunis kudu mahami luwih disik owah2an kang tumanduk ing masjarakat lan pikirane manungsa. Nanging kaum Komunis kudu luwih disik ngjakini lan nampa dewe owahing pikiran2 kang madju iku mi-

angka sjarat supaya bisa ngetut lan mimpin lakuning kamadjuwan iki. Supaya bisa nggajuh tudjuwan iku prelu anane kritik-selfkritik kang kudu tansah katindakake, kanggo mbrantas sakabehing pikiran sing isih kolot, sing dadi papalang tumrap kamadjuwan wong Komunis.

Kritik-selefkritik uga diprelokake banget ndjaga kamurnene ideologi Partai, kanggo nindakake politike Partai kanti ati kang teguh, lan supaya kentjeng nggone ngugemi garis organisasi Partai.

Sarana megarake kritik-selfkritik iku politike Partai saja suwe saja sampurna, nggone nindakake saja suwe saja betjik lan salaras karo garis massane Partai. Sabandjure sasambungan antarane Partai karo Rakjat dadi luwih raket, djalaran liwat kritik-selfkritik kita bakal ngonangi sakabehing papalang lan nemokake tjara2 kanggo njingkirake papalang iku.

Ana kang ngira manawa kritik-selfkritik iku mung ditindakake jen dianggep prelu bae, lan ana ing waktu mangkono iku saka-behing kritik dilahirake, Iki ora bener. Tumrap kaum Komunis kritik-selfkritik iku "sisihaning uripe". Sadengahing pagawejan, sadengahing pikiran ditanggapi sarana kritis, samono uga ngenani kahananing uripe dewe. Supaya tansah tjaket karo Partai lan Rakjat, sadengah warga kudu aweh panarima marang kritik kang katudjokake marang deweke.

Ngenani bab iku supaya didjaga adja, nganti ana sing njalah-gunakake kritik-selfkritik iku, umpamane ngumbar rasa nafsu utawa ngigit-igit katudjokake marang mitra lija. Kritik iki kudu ditudjokake kanggo "nambani" wong lara, mangkono katrangane Kawan D.N. Aidit, dadi ora kanggo mateni.

Mula saka iku nindakake kritik-selfkritik kudu tansah kade-reng saka anane rasa setia-mitra, dene tudjuwane kanggo ngraketake rasa panunggal ing sadjroning Partai lan kanggo menengake politike Partai.

Dasar2-e organisasi Partai kaya mangkono iku mahanani sawidjining tjara makarja Partai kaya kang dirumusake dening Kongres Nasional PKI kang kaping enem, jaiku : *Manunggalake teori lan praktek, sasambungan kang raket karo Rakjat lan nindakake selfkritik.*

Bab kawargan Partai.

Ana ing Konstitusi Partai diterangake manawa kang bisa ditampa dadi warga PKI iku sadengah warganegara Indonesia lan setitik2-e wis umur 18 tahun, kang setudju marang Program lan Konstitusi PKI, setudju mlebu lan njambutgawe ana ing salah-sidjine organisasi Partai, satudju nindakake kaputusan2 Partai lan mbayar duwit awitan lan urunan Partai.

a. *Kawargan Partai liwat waktu tjalon.*

Watesan umur 18 taun iku ditetepake sarana tatimbangan supaya wong sing dadi warga Partai duwe panemu kang teguh, lan duwe rasa tanggungjawab kang gede. Kadjaba saka iku wong sing arep mlebu Partai kudu liwat waktu tjalon luwih disik. Tjara nganggo waktu tjalon iku penting banget kanggo mbijantu tjalon warga supaya tumemen nijate olehe arep dadi warga PKI. Kadjaba saka iku saben wong bisa dadi warga Partai sarana ditanggung dening warga loro, lan warga2 kang nanggung iku kudu awèh keterangan kang sanjatane marang Komite Partai ngenani ideologi, watak lan riwajate tjalon warga iku. Deweke uga diwadajibake menehi katrangan marang tjalon warga iku ngenani bab Program lan Konstitusi Partai. Sadjrone waktu-tjalon, tjalon warga diwenehi didikan tataran kang kawitan ngenani Partai, kadjaba iku djenis politike uga diawasi. Waktu tjalon iku mau bisa digawe luwih suwe utawa digelisake miturut tjepet utawa rendete nggongé nglaksanani kawargan Partai.

Sing ditampa dadi warga Partai iku diperang dadi patang golongan miturut asal panguripane.

Golongan kang kapisan jaiku kaum buruh, buruhtani, tani-mlarat lan kaum mlarat kuta. Sjarat kanggo nampa mlebu Partai tumrap golongan iki enteng banget; kanggo gampang, kena diarani ora ana wawatesane kanggo nampa golongan iki dadi warga PKI, sabab Partai Komunis iku pantjen Partaine klas buruh lan Rakjat pakarja Indonesia lijana.

Golongan kang kapindo jaiku wong2 sing revolusioner saka kalangan burdjuasi tjilik. Kanggo wong2 iki diprelakake pendidikan kang luwih suwe, djalaran wong2 sing asale saka klas iki ideologine rada wor-suh; ing waktu2 wiwitan deweke kerep monga-manju sikepe mampang disiplin Partai lan nduweni sipat kaburu sing kuwat.

Golongan kang katelu jaiku wong2 revolusioner kang bijen klebu lapisan tengah lan lapisan duwur tumrap klas pangisep. Kanggo wong2 iki waktu tjalon ditemtokake suwe, amarga ideologine saja wor-suh banget lan luwih angel nampa Program lan politike Partai.

Golongan kang kaping pat jaiku wong2 sing wis nate dadi warga Partai politik lija. Nanging antarane tilas anggota lumrah lan tilas anggota pimpinan saka partai politik lija iku kudu dibedakake. Wong2 iki mbutuhake didikan sing luwih suwe maneh kanggo ngilangi kajakinan politike sing lawas lan supaya bisa nampa kanti sampurna ideologi Komunis lan politike Partai. Wong2 sing nanggung uga kudu warga PKI sing wis luwih akeh pangalamane. Ringkese, sjarat2 kanggo mlebu PKI tumrap wong2 iki digawe abot.

Katentuwan panggolongan warna papat lan suwene wektu tjalon tumrap sadengah tjalon warga iki kudu digatekake temenan. Comite2 Partai kang gagajutan kudu nuhoni kanti tumemen kuwadjibane tumrap tjalon warga ngenani bab menehi didikan kang kawitan ing babagan Partai lan ngawasi djenis politike tjalon warga. Mligi tumrap tjalon warga kang asale saka kaum buruh lan kaum tani kang akeh2-e pantjen ora kober nampa didikan sekolah, kudu oleh bantuwan kang sa-akeh2-e supaya bisa luwih tje-pet mahami Program lan Konstitusi Partai.

b. *Hak lan kuwadjiban sarta katentuwan warga mlebu lan njam-butgawe ing salahsidjine organisasi Partai.*

Paturan2 kang katulis ana ing Konstitusi Partai iku ndjamin supaya kagijatan2 lan rasa tanggungdjawabe kabeh warga tumrap padjuwangane Partai bisa mundak duwur, kadjaba iku uga ndjamin manunggaling aksi tumrap Partai. Salah sidjine kuwadjiban sing baku tumrap warga PKI jaiku tansah ngundakake kasadaran lan pangertene ngenani Marxisme-Leninisme murih lalabuhane marang Partai lan marang padjuwangan Rakjat Indonesia bisa luwih gede. Supaja bisa ngalahake mungsuh2-e Revolusi Indonesia, kadjaba anane politik kang bener, uga diprelokake manunggaling massa Rakjat kang ngemban lan badjuwang kanggo kaleksanane politik kang bener iku. Mula saka iku kuwadjiban sing luwih dening penting tumrap PKI jaiku manunggalake Rakjat. Nanging manung-galing antarane massa Rakjat iku bisa kaleksanan samangsa ing sadjroning PKI dewe iku ana panunggal kang gembleng. Mula saka iku kuwadjiban sing baku dewe tumrap sadengahing warga PKI jaiku neguhake setiamitra lan manunggaling Partai kang iku mau dadi djiwa lan kekuwatane PKI. Kuwadjiban2 lijane sing dadi sjarat kang ora bisa dijang, sing tudjuwane jaiku kaleksanane Program lan Konstitusi, jaiku nindakake kritik-selfkritik, nglawan rasa sarwa marem lan sipat angkuh, setya lan diudjur marang Partai, tansah waspada lan tansah ndjaga kaslametane Partai ana ing kahanan kang keprije bae.

Konstitusi Partai uga ndjamin hak2-e sadengahing warga. Hake kang baku dewe jaiku kaja dene melu diskusi sing bebas ana ing babadan2 Partai; hak milih lan dipilih ana ing Partai; ngadjokake usul, katrangan utawa gugatan marang sadengahing organisasi Partai. Sabandjure uga hak warga kanggo ngkritik sa-wenehing organisasi Partai utawa fungsionaris didjamin, sauger kritik iku ditindakake ana ing rapat2 Partai lan ora kena metu saka Partai. Katentuwan lijane sing penting jaiku hak ngukuhi panemune samangsa deweke ora ngrudjuki sawenehing putusan. nanging kadjaba saka iku warga iku mau kudu nindakake kapu-tusan iku tanpa sjarat; dene panemu kang sedje iku mung dite-rangake marang badan pimpinan Partai.

Paturan2 ngenani kuwadjiban lan hak2-e warga Partai iki bisa ditindakake kanti sa-apik2-e jen sadengahing warga kaiket ana ing salah sidjine organisasi Partai. Iki dadi sjarat kang ora bisa di- enjang kanggo ngundaki kagijatané warga ing babagan politik lan organisasi, ija sjarat kanggo ndjamin anane njawidjining aksi sa- kabehe Partai. Organisasi Partai iku wudjude bisa Komite, Fraksi, Grup, utawa babadan2 Partai lijané. Babadan2 iku mudjudake babadan2 kolektif tumrap warga sing gagajutan, sing nduweni patemon2 periodik. Ana ing babadan2 kolektif iki garis politik, taktik2-e Partai dirembug, mbage ajahan, nitipriksa sarana kolektif pagawéjan, sidji2-ne warga. Ana ing kene warga Partai pada ban- tu-binantu, genti njinau, lan genti ngritik kakurang-kakurangane kanti asikep memitran. Mula saka iku sipat2 kang kuwat saka sidji2ne warga diegarake kanti tjara kolektif, samono uga sipat2 kang lembek kang non-proletar (dudu sipat proletar) uga kudu dibrasta kanti tjara2 kolektif. Sarana tjara2 sing kaja mangkono iku, babadan2 kolektif iku uga nduweni ajahan mbangun ideologi- ne proletar. Kanti tjara magawe mangkono iku kaputusan2-ne Par- tai bakal luwih bener lan maton dadiné; nggone nindakake luwih luwes lan lakune gangsar, sasambungané Partai karo massa Rakjat tansah djembar rumaket. Samangsa ana klerune ngenani panglek- sanane sawenehing kaputusan bisa enggal kaweruhan lan bisa luwih gampang nggone nggoleki sumber2-e. Mula saka iku sjarat kaikete sadengahing, warga ana ing salah sidjine organisasi Partai iku penting banget lan kudu dituhoni.

c. *Sadengahing warga kudu mbajar urunan.*

Ana ing Konstitusi ditetepake manawa wragad2 tumrap Partai iku diwudjudake saka duwit awitan lan urunan warga, saka daja upaja Partai sing ngasilake lan sokongan kang ora ngiket. Urunan dibajar saben sasi lan kehe digawe saendek-endeke supaya sa- dengah warga lan tjalon warga bisa ngleksanani. Sarehne urunan iku mau dadi sumber kakajaning Partai kang baku dewe, mula kudu dipersudi pambudidaja2 lan tjara2 kang bisa kanggo luwih nggam- pangake lan nggangsarake malebune urunan iku. Paweh sarta tumindak2 nglumpukake urunan iku kudu diadjeni, djalaran sana- djan tjatjahe duwit ora sepiroa, nanging iku mau nuduhake kase- tyan kang duwur saka warga marang Partai. Rekasaning PKI ing babagan duwit iku bakal tansah ngelingake marang sakabehing warga manawa PKI iku pantjen Partaine kaum kang mlarat lan ndidik sakabehing kader lan aktivis2-e Partai kanggo nglawan sa- kabehing tumindak mbaboros, kanggo ndjaga banda darbeke Partai sing sa-apik2-e, kanggo ndidik awake dalah kulawargane supaya

urip kang sarwa prasadja. Deweke bakal pada marsudi supaja bisa aweh sokongan kang awujud banda marang Partai, kajata kanti tjara nandur "gedang Partai", ngupakara "blumbang Partai", nglumpukake dluwang koran, gendul kotong lsp.

Ngenani marang tumindak nglumpukake barang saka setitik kang katindakake kanti sabar nganti kang wekasane bisa nglumpuk dadi akeh banget iku pantjen tjotjok karo sipate PKI jaiku sipat massa; lire, sendejan kang bisa pinitaja dewe mungguh tumrap PKI iku ora ana lija maneh kadjaba massa Rakjat pakarja Indonesia. Kaja apa abote pagawejan iku lan sepira gedene wragad kang kudu diwetokake kanggo pambudidajane Partai, sauger iku mau katudjokake kanggo mbebasake Rakjat, kanti sumende marang Rakjat, tan kena ora mesti bisa kaleksanan lan dibejani.

Sabandjure paweh urunan kang katindakake kanti mituhu marang partai kang sanadjan endek banget nanging wis disangga abot dening warga gandeng karo kahananing panguripan kang rekasa iku, sedjatine nelakake kaiklasan warga ing bab ndisikake kapentingan umum lan kapentingan Partai tinimbang kapentingan dewe. Mula ing kono paweh urunan iku dadi latihan ideologi tumrap sakabeking warga Partai.

Pimpinan Partai tumrap gerakan massa.

Padjuwangan kanggo nglawan imperialisme lan njirnakake feodalisme ateges njantosakake lan ndjembarake gerakan Rakjat sing anti-imperialis lan anti-feodal. Mula saka iku PKI kudu tansah ndandani pagawejan ing babagan nggugah, mobilisasi lan ngorganisasi Rakjat luwih² ing kalangan kaum buruh lan tani. Supaja bab iku kaleksanan, warga Partai kang njambutgawe ana ing kalangane massa kudu luwih mumpuni ing babagan pagawejan rong warna.

Kapisan, jaiku mumpuni ing bab mimpin rapat² samudra lan demonstrasi, mimpin pamogokan utawa aksi² lijane kang abot. Pagawejan iki diarani pagawejan ma-kantar².

Kapindo, jaiku mumpuni ing bab nindakake pagawejan² praktis padinan, jaiku mbijantu ngudari ruwet-rentenging massa sa-dina²-ne kang tjatjahe ora satitik, kajata pagawejan ing babagan koperasi, angele golek banju, angele golek sekolahan, angele golek duwit retjeh, bab lipuran lsp. Pagawejan kaja mangkono iku diarani pagawejan mugen.

Lire, warga Partai kudu bisa "mlaku nganggo sikil loro", jaiku mumpuni ing bab nindakake pagawejan kang ma-kantar² lan uga bisa nindakake pagawejan kanti mugen. Jen mung bisa nindakake salahsidji bae saka rong prakara iku, asile ora bakal akeh. Pada bae karo wong sing jen mlaku mung nganggo sikil sidji ora bakal bisa mlaku adoh². Ichtiar ngudari sewu sidji pagawejan padinan


kang njumrambahi pagawejan2 organisasi, pandidikan politik lan ideologi, lan kanggo ngrembug bab2 iku mau prelu anane kaseti-
tenan, kasabaran, ketumemenan, lan katlatenan. Pagawejan kang
ma-kantar2 kang mudjudake gerakan kang gede iku lagi bisa
di-arep2 apik asile, samangsa pagawejan mugen iki bisa kita tin-
dakake kanti kasil.

Besuk kapan kita bisa kanda jen pagawejane Partai ing ka-
langan massa iki wis apik? Pagawejan iku bisa diarani apik sa-
mansa tudjuwane aksi kang diajadi dening Rakjat bisa kaleksanan
kabeh utawa saperangan gede, mahanani panunggal kang luwih ru-
maket ing kalangan Rakjat, prabawane Partai mundak gede, ta-
taran ideologi lan djenis warga2 Partai kang njambutgawe ing
kalangan Rakjat iku mundak duwur.

Supaja Partai bisa temen2 awèh pimpinan marang gerakan
massa, warga Partai diwadhibake dadi warga organisasi massa kang
tjotjok karo kalangan pagawejane utawa dasare. Ana ing organi-
sasi massa kono kaum Komunis kudu dadi tulada ana ing babagan
kasregepan, katumemenan, setija-pamitran lan katuhonan kanggo
nindakake kaputusan2 sing madju. Deweke kudu pada tansah eling
jen deweke iku nggawa genderane PKI ing sasolah tingkahe, lan
kuwadhibane jaiku nglebetake gendarane Partai sing sa-duwur2-e
Ija deweke iku kang minangka kreteg kang ndjamin panunggal
kang saja djembar, saja rumaket lan asih antarane Partai lan
Rakjat Indonesia kabeh. Ja deweke iku kang nandur kapertjajan
lan sara sih Rakjat tumrap Partai kang gawe Partai Komunis Indo-
nesia dadi Partai-ne Rakjat Indonesia kabeh.

ISI

	Katja
Bubuka	3
Filsafat kita	4
Sosialisme lan Komunisme wis dadi pepestening sedjarah	13
Kaum buruh sadunja manunggal	24
Njumurupi Revolusi Indonesia	35
Gagaman kita Front Panunggal Nasional	41
P. K. I. Ploporing revolusi kita	46



...7.463...

TANGGAL KEMBALI

7463-b

T
321.84
ABC

